ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№90 (24.528) ● 2023 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 29, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ●



## Тырныауз и вольфрам-молибден къыщIэхыпIэр зэрызэтрагъэувэжыр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Москва щыIущIащ «Ростех» корпорацэм и унафэщI Чемезов Сергей.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ республикэм и инвестицэ проект нэхъ иныр - Тырныауз и вольфрам-молибден къыщIэхыпIэр - зэтегъэувэжыныр зэрагъэзащIэм. Ар металлургие унэтIыныгъэмкIэ КИФЩI-м щыIэ проект нэхъыщхьэщ икIи 2030 гъэ пщIондэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм зиужьынымкIэ программэм увыпIэ щхьэхуэ щызыубыдщ.

Iуащхьэмахуэ щыIэ комбинатым хэтынущ щIы щIагъ пщIий къыщIэхыпIэрэ илъэсым руда тонн зы мелуанрэ ныкъуэм елэжьын фабрикэрэ. Инвестицэ мылъкуу абы халъхьащ сом мелард 55,7-рэ, абы щыщу сом мелард 46-р трагъэкIуэдэнущ республикэм и щIыналъэхэм предприятэ зэхуэмыдэхэр щыухуэным. ЛэжьапIэ IэнатIэу 800-м нэс къызэIуахынущ, абыхэм щыIэну IэщIагъэлIхэри зыпэрыувэну Iуэхухэм хуагъэсэнущ.

«Гъуэгу картэм» къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, проектыр «Ростех»-м егъэзащIэ «Кавказ.РФ»-мрэ къэралым и финанс институт пажэхэмрэ и дэIэпыкъуэгъуу. КъБР-м и щIыналъэхэр газкIэ къызэгъэпэщын программэмкIэ объектым газ зэрыкIуэ бжьамийхэр ирашэлIэнущ. ЭлектрокъарукIэ къызэгъэпэщыным теухуа зэгурыIуэныгъэр зэращIылIащ. Абы екIуалIэ гъуэгур ухуэныр и кIэм нагъэс.

Апхуэдэу «Ростех»-м Михайлов Б.И. и цIэр зезыхьэ дыщэ къыщIэхыпIэми елэжьын щIидзэнущ. IэщIагъэлIхэм къызэралъытамкIэ, а хъугъуэфIыгъуэ къыщIэхыпIэр Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэхэм ящыщщ.

ЩIым и хъугъуэфIыгъуэ къыщIэхыпIитIри зы щIыналъэм щыIэщ, ар IэмалыфIщ промышленнэ парк зэхэт къызэгъэпэщынымкIэ.

Тырныауз комбинатым металл гъуэтыгъуейхэр къыщыщIахыу зэтеублэжыныр хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр къыщIэгъэкIынымкIэ къэралым къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэр гъэзэщIэнымкIэ хэкIыпIэфIщ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Анэдэлъхубзэр зэраджын тхылъыщIэхэр

● Егъэджэныгъэ

**Дэтхэнэ лъэпкъми и блэкIари и нобэри къэзыгъэлъагъуэу, и тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэзыхъумэу щыIэр абы и анэдэлъхубзэращ, и тхыбзэращ. Ди гуапэ зэрыхъущи, ди республикэм и щIэныгъэрылажьэхэм, егъэджэныгъэ IэнатIэм зегъэужьыныр зи пщэрылъ къулыкъущIэхэм гулъытэ хэха хуащI щIыналъэм къихъуэ щIэблэм лъэпкъ щIэныгъэ ябгъэдэлъхьэным.**

А IУЭХУГЪУЭМ и Iыхьэхэм ящыщ зыуэ, КъБР-м и курыт еджапIэхэм мы махуэхэм яIэрохьэ школхэм анэдэлъхубзэхэр (къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмрэ, балъкъэрыбзэмрэ литературэмрэ) зэрыщаджыну тхылъыщIэхэр. Ди анэдэлъхубзэр хъумэным, ар егъэфIэкIуэным, къытщIэхъуэ щIэблэм ар яIурылъу къэхъуным хуэгъэпса а лэжьыгъэ щхьэпэр зэфIэхащ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэ IэнатIэм зыщегъэужьыным теухуауэ» щIыналъэ къэрал программэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ. Адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмкIэ егъэджакIуэ Iэзэхэр, щIэныгъэлIхэр, тхылъхэмкIэ эксперт IэкIуэлъакIуэхэр илъэс зыбжанэкIэ зэлэжьа тхылъыщIэхэр хьэзыр хъуащ иджыблагъэ.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм Лъэпкъ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Мыз Залинэ зэрыжиIэмкIэ, къызэднэкI тхьэмахуэм къриубыдэу тхылъыщIэхэр яIэрыхьэн щIадзащ курыт школхэм. Япэу абыхэм щыгуфIыкIыну Iэмал яIащ республикэм и къалащхьэм дэт курыт школхэм я еджакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ. Школхэм щылажьэ библиотекэхэм ират 5 - 6-нэ классхэм щIэс ныбжьыщIэхэм анэдэлъхубзэхэр зэраджыну тхылъыщIэхэр. Апхуэдэу абыхэм яIэрохьэ езанэ классым кIуэну сабийхэм папщIэ «Азбукэ» тхылъыщIэхэм я гуэдзэн Iэрытхыр.

АнэдэлъхубзэхэмкIэ тхылъыщIэхэмрэ пособиехэмрэ, зэрылажьэ Iэрытххэри я гъусэу, къэкIуэну тхьэмахуэ зытIум къриубыдэу яIэрыхьэнущ республикэм и курыт школ псоми. КъыхэдгъэщынщI, иджыпсту хьэзыр хъуа тхылъ гупу 5 - 6-нэ классхэм ятещIыхьар ехъулIэныгъэкIэ пхыкIащ федеральнэ реестрым къигъэув мардэхэмрэ пщалъэхэмрэ. Абыхэм хэплъа эксперт цIэрыIуэхэм ахэр хъарзынэу зэхэгъэува хъуауэ къалъытащ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**





● Бадзэуэгъуэм и 27-р Донбассым щекIуэкI къаугъэм хэкIуэда сабийхэм я фэеплъ махуэщ

## МелыIычхэм я жыг хадэм

**Мы махуэхэм ди къэралым ягу къыщагъэкIыж Донбассым щекIуэкI къаугъэм хэкIуэда сабийхэр. Абы теухуа псалъэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щыжиIащ Интернетым щиIэ напэкIуэцIым.**

IЭТАЩХЬЭМ зэрыжиIэмкIэ, илъэсибгъу ипэкIэ, 2014 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм, Горловкэ жылэм деж щекIуэкIа зэзауэм щыхэкIуэдауэ щытащ цIыху 22-рэ, сабии 4 яхэту.

- Ар украиныдзэм и зауэлIхэм Донецк ЦIыхубэ Республикэм и щIыналъэм щалэжьа щIэпхъаджагъэхэм ящыщ зыщ. 2014 гъэм къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым а зэпэщIэувэныгъэм хэкIуэдащ гъунэгъу щIыналъэм щыщ сабий 228-рэ. Дэ зэи тщыгъупщэнукъым а насыпыншагъэр икIи яхуэдгъэгъунукъым ар зыщIахэм.

Фэеплъ махуэр Донецк ЦIыхубэ Республикэм щагъэуvауэ щытащ 2022 гъэм. Донецк къалэм щыIэ МелыIычхэм я жыг хадэм а сабийхэм я фэеплъ щагъэуващ. «Донбассым и сабийхэм, зауэм и сабийхэм» жиIэу зытет а фэеплъым къыхэIущIыкIащ зауэ гущIэгъуншэм хэкIуэда ныбжьыщIэхэм я цIэ-унэцIэхэр.

Лажьэншэу зи гъащIэр зауэм къызэпиуда сабийхэм я фэеплъ нэхухэр Донбассми, ди Къэбэрдей-Балъкъэрми, Урысей Федерацэми щыпсэу цIыхухэм я гум илъынщ. Абы теухуа пэкIу Налшыки щекIуэкIащ *(сурэтым)*.

adyghe@mail.ru ● adyghepsale.ru ● apkbr.ru ● smikbr.ru ● Адыгэ Псалъэ ● Адыгэ Псалъэ

# ЩIэныгъэ куурэ зэфIэкI лъагэрэ зыбгъэдэлъхэр

ЗэIущIэхэр

**КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм гуфIэгъуэ зэIущIэ щекIуэкIащ. КъБР-м и IэтащхьэмкъыбгъэдэкI саугъэтыр, щытхъу, фIыщIэ тхылъхэр абы щратыжащ 2022 - 2023 гъэ еджэгъуэм ШколакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм пашэ щыхъуахэм, апхуэдэуи абы къриубыдэу анэдэлъхубзэхэмкIэ екIуэкIа щIыналъэпсо зэпеуэхэм щытекIуа, къыхэжаныкIа ныбжьыщIэхэм, ахэр зэпеуэхэм хуэзыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор**, а министерствэм къепхауэ лажьэ Жылагъуэ советым и пашэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрыт лэжьакIуэхэм я щIыналъэпсо зэгухьэныгъэм и унафэщI **Карныш Сергей** сымэ, нэгъуэщIхэри. Зэхуэсыр къызэIузыха Езауэ Анзор абы кърихьэлIа школакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ гуапэу ехъуэхъуащ щIыналъэпсо зэпеуэм и утыку щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэ лъагэхэм папщIэ.

- ШколакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух зэпеуэм нэсащ икIи текIуэныгъэ къыщахьащ ди еджакIуэхэм, призёр хъуахэри яхэтщ. Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэм я фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэхуащ Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм нэхъыфIу къыщалъыта субъектищым, - къыхигъэщащ министрым. - Си гуапэу сынывохъуэхъу ди республикэм и щIыхьыр къэралпсо утыкум щызыIэта ныбжьыщIэхэм. Апхуэдэуи фIыщIэ ин яхузощI абыхэм я щIыбагъ къыдэт егъэджакIуэхэм, текIуэныгъэ лъагэхэм дыхуэзышэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр щекIуэкI еджапIэхэм я унафэщIхэм. МурадыщIэхэр зыхуэвгъэувыж, ахэр зыIэрывгъэхьэнымкIи флъэкI къэвмыгъанэ.

Езауэм зэрыжиIамкIэ, олимпиадэм и щIыналъэпсо зэпеуэр предмет 22-кIэ екIуэкIащ икIи хэтащ школи 153-м къикIа цIыху 247-рэ. Абыхэм ящыщу еджакIуэ 16-р нэсащ зэпеуэм и кIэух Iыхьэм. Апхуэдэхэм яхэхуащ ди лъахэм и ныбжьыщIи 4. Ар узыщыгуфIыкI хъуну Iуэхугъуэф I дыдэщ.

ЩIэныгъэ куурэ зэфIэкI лъагэрэ зыбгъэдэлъ ди лъахэгъу ныбжьыщIэ 48-рэ щагъэлъэпIащ зэхуэсым. Абыхэм яхэтщ ди республикэм и курыт школхэм, колледжхэм щIэсхэр. Урысейпсо утыкум щIэныгъэфI къыщызыгъэлъагъуэу зэпеуэм щытекIуахэм я нэхъыщIэ дыдэщ физикэмкIэ къэралпсо зэпеуэм и кIэух Iыхьэм нэсу пэрыт хъуа Къалэ Самир. Илъэс 14 фIэкIа мыхъуа щIалэщIэр «ДыгъафIэ къалэм» къедза лицейм щоджэ, зэфIэкI лъагэхэр къигъэлъагъуэу. Самири олимпиадэ зэмылIэужьыгъуэхэм щытекIуа апхуэдэ ныбжьыщIэхэми иратыжащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек игъэува саугъэтхэмрэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къыбгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмрэ. Ахэр Iэгуауэшхуэм щIэту ныбжьыщIэхэм IэщIалъхьащ Езауэ Анзор, Сэхъурокъуэ Хьэутий, Карныш Сергей сымэ.

ФIыщIэ ябгъэдэлъщ школакIуэ зэчиифIэхэми ахэр зэпеуэм хуэзыгъэхьэзыра я егъэджакIуэ гумызагъэхэми. А IэщIагъэлIхэм ныбжьыщIэхэм я гъащIэм мыхьэнэшхуэ зэрыщаубыдыр и псалъэм къыхигъэщащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Абы зэрыжиIамкIэ, егъэджэныгъэм къыгуэхыпIэ имыIэу епха гъэсэныгъэ Iуэхуми лэжьыгъэшхуэ щызэфIах иджырей школ IэщIагъэлIхэм. Аращ куэдкIэ зэлъытар къэралым къихъуэ щIэблэр хэкупсэу, щалъхуа щIыналъэм и къыщхьэщыжакIуэ нэсу къэгъэтэджыныр. ЩIэблэм унэтIакIуэ яхуэхъу а егъэджакIуэфIхэми, олимпиадэхэм щытекIуа ныбжьыщIэхэр зыщыщ еджапIэхэм я унафэщIхэми иратащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъхэр, саугъэтхэр. Шэч хэмылъу, зэIущIэм щагъэлъэпIа дэтхэнэми хуэфэщэн хэлъхьэныгъэ хуищIащ ди щIыналъэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм адэкIи зиужьыным.

**ТАМБИЙ Линэ.**



# КъалэныщIэхэр я плъапIэу

**КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмк Iэ щыIэ министерствэм щызэхэтащ 2023 гъэм и япэ мазихым я лэжьыгъэм кърикIуахэм щыхэплъэжа зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру щыIэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, полицэм и полковник Мамхэгъ Назир.**

БЛЭКIА илъэс ныкъуэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэм, дызыхуэкIуэ мазищым къапэщыт къалэнхэм теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м щыIэ МВД-м и штабым и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и майор **Жолаев Замир**.

Абы къызэрыхигъэщащи, зриплъэж пIалъэм министерствэм и IэнатIэхэмрэ Урысей МВД-м и щIыналъэ къудамэхэмрэ ягъэзэщIащ жылагъуэ хабзэр хъумэнымрэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымрэ ехьэлIа я къалэн нэхъыщхьэхэр. Уэрамхэмрэ жылагъуэ зэхуэсыпIэхэмрэ хабзэр къызэрыщызэпаудыр нэхъ мащIэ хъуащ, ирагъэкIуэкI профилактикэ Iуэхухэм я сэбэпкIэ процент 57,9-кIэ ирагъэхащ чэфу ялэжь щIэпхъаджагъэхэр.

ЗэIущIэм щыхэплъащ щIэпхъаджагъэхэр сэтей къэщIынымкIэ я лэжьыгъэр зыхуэдэм. Къапщтэмэ, наркотикхэкIхэр ирагъэкIыным, экономикэмрэ коррупцэмрэ пыщIа щIэпхъаджагъэхэр, апхуэдэуи хабзэм ебакъуэу фадэхэкIхэр щэным, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм ехьэлIа хьэгъэщагъэхэр къызэпыудыным теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм ехъулIэныгъэхэр щаIэщ.

ЗэфIагъэкIахэм ятеухуауэ адэкIэ къэпсэлъащ КъБР-м щыIэ МВД-м и полицэм и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и полковник **Анахаев Кязим**, министерствэм жылагъуэ хабзэр хъумэныр къызэгъэпэщынымкIэ и IэнатIэм и унафэщI **Арахъэ Радион**, Iуэхухэр зэрызэхагъэкIыр зи нэIэ щIэт къудамэм и унафэщI **Пщыунэ Мурат**, республикэм щыIэ МВД-м и Следственнэ управленэм и къудамэм и унафэщI, юстицэм и подполковник **Ует Риммэ**.

ЗэIущIэм и кIэухыу хэплъащ адэкIэ къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм. Мамхэгъ Назир министерствэм и къудамэхэм я унафэщIхэм ахэр гъэзэщIэныр пщэрылъ ящищIащ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

# Мэшыкъуэ Тэзэл Инал и къуэр



Дунейм ехыжащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, къэбэрдей-балъкъэр журналистикэм и ветеран, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта Мэшыкъуэ Тэзэл Инал и къуэр.

Мэшыкъуэ Т.И. КъБАССР-м щыщ Нагорнэ районым хыхьэ Малкэ къуажэм 1942 гъэм шыщхьэуIум и 3-м къыщалъхуащ. Ломоносов М.В. и цIэр зезыхьэ МКъУ-м журналистикэмкIэ и факультетыр, а еджапIэ нэхъыщхьэм и аспирантурэр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат цIэр къыфIащауэ щытащ абы. Апхуэдэуи Мэшыкъуэм къиухащ КПСС-м и Москва къалэ комитетым къепхауэ лажьэу щыта, Марксизмэмрэ ленинизмэмкIэ университетым СССР-м дунейпсо зэпыщIэныгъэхэмрэ къэрал щIыб политикэмкIэ и факультетыр.

Бгъэдэлъ зэчиймрэ Iэзагъымрэ, и хьэл-щэн зэтетымрэ къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу зэрыщытымрэ гулъытэншэ хъуакъым: аспирантурэр къиуха нэужь ар парт-къэрал къулыкъухэм ягъэуvауэ щытащ, телевиденэм, республикэм и Правительствэм и аппаратым, иужькIэ КПСС-м и обкомым къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыхуагъэфэщащ.

Иужьрейм щыпэрытам республикэм и цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр и нэIэм щIэтащ, 1991 гъэм езыр «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу ягъэувыху. Нэхъ иужьыIуэкIэ ар республикэм печатымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэмкIэ и министрым и къуэдзэу лэжьащ.

ЗыщIэса курыт школым и комсомол зэгухьэныгъэм и унафэщIу щыту и тхыгъэхэр Дзэлыкъуэ щIыналъэ газетым къытехуэу щIидзэри, Мэшыкъуэ Тэзэл и гъащIэр триухуащ дэзыхьэха а Iуэхум. Абы журналист лэжьыгъэм и дэкIуеипIэ псори къызэринэкIащ, «Советская молодёжь» газетым и корреспонденту къыщIидзэри, республикэм и газет нэхъыщхьэм и унафэщI къулыкъум нэс гъуэгуанэр къызэпичащ. Ар газетым и унафэщIащ республикэм дежкIэ нэхъ гугъуу щытахэм ящыщ лъэхъэнэм – 1991 гъэм къыщыщIэдзауэ 1998 гъэ пщIондэ. Газетым сыт и лъэныкъуэкIи зэпэшэчауэ икIи пэжыр и лъабжьэу и щIэджыкIакIуэхэм я деж нихьэсырт республикэм къыщыхъухэм я купщIэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм зэфIагъэкIхэр.

Тэзэл Инал и къуэм щIэныгъэ, жылагъуэ лэжьыгъэ купщIафIи иригъэкIуэкIащ, КъБР-м и Правительствэм къегъэщIылIа, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым, республикэм и Жылагъуэ палатэм щыщылэжьами, и IэзагъкIэ, гъащIэм къыхиха IущыгъэхэмкIэ и лэжьэгъухэм ядэгуашэу.

СССР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хэта, журналист лэжьыгъэ нэхъыфIхэр къыхэхынымкIэ екIуэкIа урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм щытекIуа Тэзэл Инал и къуэр пенсэм кIуа нэужьи и къалэмыр жану игъэбзащ, къыщалъхуа республикэм исхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, бэм я гъащIэр зэIузэпэщ хъуным хуэщхьэпэ публицистикэ тхыгъэхэр и IэдакъэмкъыщIэкIыу, къиIэт Iуэхухэм езыр зэрахущытри къигъэлъагъуэу.

Мэшыкъуэ Т.И. къэралымрэ езым и IэщIагъэм ирилажьэхэмрэ я пащхьэ щиIэ фIыщIэхэм пщIэ лъагэхэр къапэкIуащ, къэрал дамыгъэхэр, цIэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и «Зыпэрыт IэнатIэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ» дамыгъэ лъапIэр, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Абхъаз, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щIыхь зиIэ я журналист цIэ лъапIэхэр.

Тэзэл Инал и къуэр сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытами, абы зэпымыууэ къигъэлъэгъуащ и IэщIагъэм зэрыхуэIэзэр, зэрыкъызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм къыдэкIуэу, цIыху щыпкъэу, гъащIэр фIыуэ зылъагъуу, ныбжьэгъу пэжу, щхьэгъусэ адэ, адэшхуэ гумащIэу зэрыщытыр.

Мэшыкъуэ Т. И. и фэеплъ нэхур сыт щыгъуи ди гум илъынщ.

***КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэ.***

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «КъБР-Медиа» ГКУ-м, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр **Мэшыкъуэ Тэзэл Инал и къуэм** и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.



# Фэеплъ гъуэзэджэ

**Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ! гъуазджэхэмкIэ музейм щагъэлъагъуэ сурэт куэд зэхуэзыхьэса, псапащIэ, щIэныгъэмрэ гъуазджэмкIэ Петровскэ академием хэта, «Эльбрусские новости» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щыта Хаджиев Даниял къыщIэна лэжьыгъэхэр. «Мир - крутая тропа» выставкэм хагъэхьащ СССР-м и художникхэм я лэжьыгъэхэр.**

- КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и художник куэд нэгъуэщI щIыналъэхэм къыщацIыхуащ икIи ди сурэтыщIхэм я лэжьыгъэ мымащIэ хъума хъуащ Хаджиевым и фIыгъэкIэ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Iэминат** зэхыхьэр къызэIуихым. Даниял и пхъумрэ и къуэмрэ фIыщIэ яхуэфащэщ я адэм и фэеплъ выставкэр къызэрызэрагъэпэщам папщIэ.

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Къаныкъуэ Жаннэ** къыхигъэщащ Хаджиев Даниял республикэм и гъуазджэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIар, а лэжьыгъэхэр ялъагъуху езыри зэращымыгъупщэнур.

Выставкэм хагъэхьащ Ефименкэ Николай, Остряков Александр, Бахчеван Валентинэ, Курбанов Валерэ, Поляков Александр, нэгъуэщIхэми я сурэтхэр. Художник 35-м я IэдакъэщIэкI лэжьыгъи 100-м щIигъу къызэщIеубыдэ гъэлъэгъуэныгъэм. Баккуев Владимир, Ефименкэ Николай, Поляков Александр Хаджиевым тращIыкIа сурэтхэри хагъэхьащ выставкэм.

Хаджиев Даниял ипхъу Марьям жиIащ выставкэр илъэситI и пэкIэ, я адэр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу, къызэрагъэпэщэну зэрамурадар. Абы утыку кърихьащ Миненков Сергейрэ Левандовский Сергейрэ зэдатха «Мир - крутая тропа" тхылъыр. Абы хагъэхьащ Хаджиевым и Iыхьлыхэм, благъэхэм, ныбжьэгъухэм, къэзыцIыхуу щытахэм я гукъэкIыжхэр. Тхылъыр къыдагъэкIат Хаджиевыр дунейм ехыжу мазэ зыбжанэ дэкIа нэужь. ЗэдэлъхуэзэшыпхъуХэм я мурадщ Даниял и хъуэпсапIэр - Iуащхьэмахуэ щIыналъэм Бгы лъагэ галерее къыщызэIуахыныр - зрагъэхъулIэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, къэралым и нэгъуэщI щIыналъэхэм я сурэтыщI цIэрыIуэхэм жанр зэмылIэжьыгъуэхэм ящыщ я IэдакъэщIэкIхэр къызэщIаубыдэрт Хаджиевым къызэригъэпэщ выставкэхэм хигъэхьэнухэр къыщыхихкIэ. Зыхэдэни иIэт: псори зэхэту лэжьыгъэ 1500-м щIигъу зэхуихьэсат абы илъэс 40-м къриубыдэу.

Даниял литературэмрэ макъамэмрэ фIыуэ хищIыкIми, нэхъыбэу зытелэжьар сурэтыщI гъуазджэрат. Коллекционерым зэхуихьэс лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ, Кавказым и мызакъуэу, Москва, Санкт-Петербург къалэхэм, Урысейм и нэгъуэщI щIыналъэхэм щыпсэухэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и сурэтыщI нэхъыфIхэм я лэжьыгъэхэм зыхагъэгъуазэрт. Гупсысэ зыщIэмылъ, дахагъэ зыхуымылъагъуэ яхэткъым абы къыщIэнахэм.

Фэеплъ выставкэр шыщхьэуIум и 13 пщIондэ лэжьэнущ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*







● Туризм

# ЗыгъэпсэхупIэхэр ирагъэфIакIуэ

**Зыхуей-зыхуэфIкIэ къызэгъэпэща «Долина нарзанов» (экопарк) турист зекIуапIэм и IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм Бахъсэн лэжьэн щыщIидзащ.**

АР къыщызэIуахым хэтащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Джатэ Руслан**, Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчим**, КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр **ЩоджэнцIыкIу Мурат**, КъБР-м и Парламентым физическэ культурэмкIэ, спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI **Бэрэгъун Арсен** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Лъэпкъ пщIантIэ цIыкIу щагъэува утыкум хьэщIэхэм махъсымэбжьэкIэ щапежьащ. Лъэпкъ хабзэхэр зыджыж, къэзыгъэщIэрэщIэж ЦIыпIынэ Идар къызэхуэсахэм яхуиIуэтащ адыгэ лъэпкъым къыдекIуэкIыу щыта хабзэ дахэхэм щыщ, ар хэгъэгум и туризмэм и лъабжьэхэм ящыщ зыщ.

IуэхущIапIэ къызэIуахам цIыхуипщIым къулыкъу щаIэнущ, туризмэр зэрырагъэфIэкIуэнум, мы щIыпIэм и хъыбар нэхъыбэм зэрылъагъэIэсынум, зыгъэпсэхупIэ унэхэр щхьэж щыхуей пIалъэм къахуэубыдыным, нэгъуэщIхэми елэжьыну я къалэну.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм и Iэтащхьэ Джатэ Руслан жиIащ Iуэхур щрагъэкIуэкIыну къыхаха щIыпIэр тэмэму къызэрилъытэр. Мы Iуэху дахэр езыгъэжьахэр ефIэкIуэну, зэужьыну ехъуэхъуа иужь, ар тепсэлъыхьащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм туризмэм зэрызыщебгъэужьыфыну къилъытэ Iэмалхэм.

- Туризмэм унэтIыныгъэу иIэм зэрызедгъэужьынум яужь дитщ, узыншагъэр егъэфIэкIуэным щегъэжьауэ лъэс зекIуапIэ, машинэ гъуэгухэмкIэ иухыкIу. Светловодск дэт псы хуабэ къыщIэжыпIэм зы махуэм цIыху 400-м нэблагъэ йокIуалIэ, машинэкIэ зекIуэ ежьэну нэхъ къызэщтэхэм «Горная Кабардино-Балкария» проектымкIэ дадэлэжьэну ди мурадщ, - жиIащ Джатэм.

- «Долина нарзанов» экопаркыр щIыуэпс телъыджэ зиIэ зыгъэпсэхупIэщ,- жеIэ ЩоджэнцIыкIу Мурат. - КъБР-м абы хуэдэу псынщIэу зызыужь зыгъэпсэхупIэ иткъым икIи зыгъэпсэхугъуэ гъэмахуэ мазэхэм махуэ къэс цIыху 1000 - 1200-рэ щохьэщIэ. Ар ди республикэм и напщIэщи, утемыукIытыхьу ди къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIахэми хамэ къэрал щыщхэми ебгъэлъагъу, зыщебгъэгъэпсэху хъунущ, - жиIащ министрым. Абы «Долина нарзанов»-м и лIыкIуэм ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и турист IуэхущIапIэу къызэралъытам и тхылъымпIэр иритри, я дамыгъэр зытет пхъэбгъу цIыкIури тыгъэ хуищIащ.

- Дэ иджыкIэ яужь дитщ Дзэлыкъуэ щIыналъэм хиубыдэ щIыпIэ телъыджитIым, - жиIащ «Долина нарзанов» проектыр зей Ажахъуэ Хьэсэн къыщыпсалъэм. - Ахэр нарзан къыщIэжыпIэмрэ ШэтхъурейрэщI. Дэ дыщогугъ зэманкIэрэ ди лэжьыгъэм нэхъри зедгъэубгъуну.

**ПОГРЕБНЯК Ольгэ.**

## Мы махуэхэм

**Бадзэуэгъуэм и 29,** *щэбэт*

♦**Къаплъэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1941 гъэм** къалъхуащ щIэныгъэлI, адыгэхэм я мэкъумэш, ботаникэ щэнхабзэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа **Хьэкъун Барэсбий**.

♦**1945 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **Сэхъутэ Нурбий**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ Сирием щыщ дзэ къулыкъущIэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, генерал-майор, СХьР-м и Адыгэ ФIыщIэ хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Къэбэрдей Аднан**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 18 - 21-рэ щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 30,** *тхьэмахуэ*

♦**Зэныбжьэгъугъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м и Дзэ-Тенджыз флотым и махуэщ**

♦**1916 гъэм** къалъхуащ япэ рангым и капитан, Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта, дзэ-тенджыз щIэныгъэхэмкIэ кандидат **Вэрокъуэ Гъузер**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 31,** *блыщхьэ*

♦**1955 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Чым Рашад**.

♦**1964 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор **Бидэнокъуэ Мурат**.

♦**1965 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Жэрыкъуэ Оксанэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Абрэмывэ пэтрэ зэ и пIэм йокI.**

# Гъэсэныгъэм и Іэмалхэр

● Ди псэлъэгъухэр

*Лъэпкъыр узыншэн щхьэкІэ, щІэблэм уегугъун хуейщ. ЩыцІыкІум щегъэжьауэ ар гъэсапхъэщ фІымрэ Іеймрэ зэхигъэкІыфу, ныбжьэгъум дэгуашэу, псэущхьэхэр фІыуэ илъагъуу, нэхъыжьым пщІэ хуищІу. Гъэсэныгъэм теухуауэ Іэмал нэхъыщхьэ дыдэу щыІэхэм ящыщщ тхылъыр. Сабийхэм тхылъ яхуэзытхым езым и псэр къабзэу щытыпхъэщ, цІыкІухэм я гурыгъухэр зыхищІэн щхьэкІэ. Ахэр зэрагъасэ, акъыл жан зэращІ, анэдэлъхубзэр зэрырагъащІэ лэжьыгъэхэр и ІэдакъэщІэкІщ «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и лэжьакІуэ Мэлей ФатІимэ. Абы и ІуэхущІафэ дахэхэр лІэужьыгъуэ куэду зэщхьэщокІ. Дэ ар хэхауэ зытедгъэпсэлъыхьар щІэблэм и гъэсэныгъэмрэ абы теухуауэ илэжьхэмрэщ.*

**- ФатІимэ, иужьрей илъэсхэм зэкІэлъхьэужьу къыдэбгъэкІащ адыгэ сабийхэм уазэрыдэлажьэ тхылъ цІыкІу зыбжанэ. Дауэ зеппщыта хъуат абы?**

- Ди адыгэ сабийхэм сахуехъуапсэрт зызэрагъэсэн, зыдихьэхын, щІэныгъэ къыздрахын тхылъ, тетрадь цІыкІу хуэдэхэр гъэщІэрэщІауэ яІэну. Сабийхэм уазэрыдэлэжьэну нэгъуэщІыбзэхэмкІэ апхуэдиз зэмылІэужьыгъуэ щыІэм щыщ дыдейхэм зэрамыІэр сигу къеуэрт. Си къару къихьыххэмэ, сэри а Іуэхум гупсысэ хэслъхьэн хуейуэ къэслъытащ. Япэ дыдэу къыдэзгъэкІащ «Азбукэ. Япэ лъэбакъуэхэр» зи фІэщыгъэр. Хьэрфхэр усэбзэкІэ зэгъэщІэным нэхъ хуэгъэпсащ ар. Анэдэлъхубзэр джын щІэзыдзэ къудейхэми, нэхъыфІыІуэу зыщІэхэми яхуэгъэзауэ зэхэслъхьащ. Усэхэр кІэщІ дыдэрэ тыншуи, тІэкІу нэхъ гугъууи хэзгъэуващ. Хьэрфхэм яхуэкІуэу хэзгъэхьа усэ цІыкІухэр сэ зэхэслъхьащ. Абы къыхэкІыуи тхылъым зэман тезгъэкІуэда хъуащ. Хьэрфхэр тхылъым изгъэуващ сабийхэр тетхыхьыжын, яцІэлэжын хуэдэу - ари Іэмалщ щІэх ягу ираубыдэнымкІэ. Пэжым ухуеймэ, а япэ тхылъыр къыдэкІа нэужь сеплъыжри, никъусаныгъэ гуэрхэри къыхэзгъуэтэжащ. Азбукэр куэдым ягу ирихьащ, языныкъуэхэми чэнджэщхэр къызатащ ар нэхъ егъэфІэкІуа зэрыхъунум теухуауэ. Адэ-анэхэм тхылъым теухуауэ я гупсысэхэр къызэрызжаІар, я сабийхэм абыкІэ зэрадэлажьэр си гуапэ хъуащ.

ИужькІэ, илъэситху хъухэм я деж щегъэжьауэ къахуэсэбэпыну зэрылажьэ Іэрытх зэхэзгъэувэри къыдэзгъэкІащ. Аргуэру сегупсысащ, сабийм къемыхьэлъэкІын лэжьыгъэ мащІэ дыдэ иту: гъэщІэрэщІарэ тригъэууэ икІи игъэгупсысэу зэхэзгъэувэмэ, дауэ хъуну пІэрэ, жысІэри. Абы тесщІыхьри, «Псэущхьэхэм сыт яшхыр?», «Инхэмрэ цІыкІухэмрэ» зэрылажьэ тхылъ цІыкІуитІыр къыдэзгъэкІащ. А тІум сабийм еджэкІэ-тхэкІэ иребгъащІэркъым, атІэ псалъэу, гупсысэу иребгъасэу аращ. Псалъэм папщІэ, «ЧыцІым къэбыстэ хьэмэрэ балий ишхыр? ТхьэкІумэкІыхьым дэ хьэмэрэ пхъы ишхыр?» жиІэурэ щІоупщІэ тхылъыр. Сабийр йогупсысри ходэ, жэуапыр къыхехри и гум иреубыдэ. ИтІанэ, псэущхьэ сурэтхэри абыхэм я шхыныгъуэхэри яцІэлэж. ЯцІэлэжыхукІи, а псэущхьэ цІыкІухэм теухуауэ куэд зэрагъэзахуэ ягу цІыкІухэмкІэ. «Инхэмрэ цІыкІухэмрэ» тхылъым фІэсщам, гурыІуэгъуэ зэрищІщи, сабийхэм абыкІэ ибогъэлъагъу псэущхьэхэм ящыщу нэхъ инхэмрэ нэхъ цІыкІухэмрэ, ахэр зэрагъапщэ. Мыбдеж сабийм дэлажьэ балигъми, езым и гупсысэхэр дыщІигъужу, Іэмалхэм хуекІуэурэ, зыдэлажьэ цІыкІум упщІэхэр иритурэ игъэпсэлъэфынущ. Псалъэм и хьэтыркІэ, унэ псэущхьэхэмрэ мэзым щыпсэухэмрэ зэхагъэкІыфу есэнущ. Абы нэмыщІкІэ, псэущхьэхэм я хьэлщэнхэр къащІэнымкІи сэбэп хъунущ: бажэр зэрыхьилэшыр, дыгъужьыр зэрышынагъуэр жепІэурэ сурэтхэм ебгъэплъ






хъунущ. Тхылъ цІыкІум ит сурэтхэри яцІэлэжын хуейщ. Адыгэ сабийхэм бжыгъэхэр къызэребгъэцІыху хъунум и Іэмалым сегупсысри, «Дапщэ?» жыхуиІэ зэрылажьэ тхылъ цІыкІури иужьрейуэ къыдэзгъэкІащ. Зэман къагъуэтрэ адэ-анэхэр сабийм ябгъэдэс, ядэлажьэ къудеймэ, мы тхылъ цІыкІухэр зыкъомкІэ къахуэсэбэпыну къызолъытэ.

Псалъэхэри, сурэтхэри, таблицэ хуэдэхэри компьютеркІэ зэрызэхагъэувэм зезгъэсауэ, тхылъ напэм деж къыщыщІэдзауэ сэ езыр солэжь. Мылъку къэслъыхъуэу мы тхылъ цІыкІухэр къыдэзгъэкІыркъым, сэ езым Іэмал сызэриІэм хуэдэурэщ къызэрызэзгъэпэщыр. Армыхъумэ, тхылъхэри нэхъ зэмылІэужьыгъуэу, тиражри нэхъыбэу къыдэгъэкІами хъунут.

**- Мы зэманым сытым уелэжьрэ?**

- Иджыри куэд си щхьэм илъщ. Сабийхэм тхэкІэ зэрырагъащІэ (пропись) нэхъ ин къыдэзгъэкІыну сыхуейщ. Плъыфэхэм теухуауэ сохъуапсэ тхылъ щІэщыгъуэ цІыкІу къыдэзгъэкІыну.

«Хужьыр дэнэ щыкІуэда?
Хужьыр Арктикэм лъэта?
Пшэ Іэрами, мыли, уэси
Хужь ищІыну ехъуэпса?» - жызоІэри, псалъэм папщІэ, усэ цІыкІу хузотх хужь плъыфэм. Усэхэр согъэпс плъыфэ щхьэхуэр сабийхэм я гум нэхъ тыншу зэрыраубыдэнум тещІыхьауэ, зы хьэпшып гуэрхэм ирапхыурэ я нэгу къыщІагъэхьэну Іэмал яІэн хуэдэу. ЗэрыжысІащи, иджыпсту солэжь тхэкІэ зэрызэрагъащІэмрэ плъыфэхэр уэзыгъэцІыху тхылъ цІыкІумрэ.

Сэр нэмыщІкІэ, иджыри зыгуэр адыгэбзэкІэ елэжьарэт цІыкІухэм зызэрагъэсэнхэм. Сабийхэм зыхэдэн яІэну сыхуейщ. Сэ зы лъэныкъуэкІэ согупсысэ, нэгъуэщІым нэгъуэщІ зы щІэщыгъуэ игу къэкІыфынущ. Псалъэм щхьэкІэ, анэ унэгуащэхэм губзыгъэ дыдэхэр яхэтщ, абыхэм сабийм и хьэл-щэнхэр фІыуэ зыхащІэри, зезыпщытын къахэкІамэ, дауэ хъуну пІэрэт, жысІэуи согупсыс.

**- «Адыгэ цІыкІу» сабий зегъэужьыпІэм къэрашалІэхэми уадолажьэ, зэрысщІэмкІэ...**

- Минводы щыщу етІуанэ классым щІэс зы хъыджэбз цІыкІу скайпкІэ сыдолажьэ. А сабийм и гурыхуагъым, и гупсысэкІэ гъэщІэгъуэным сыдихьэхащи, сфІэфІ дыдэу дерсхэр согъэхьэзыр. Софие мазэ бжыгъэ хъуауэ сыдолажьэ. Адыгэ алфавитыр иджыри ищІэртэкъым. Хьэрфхэр хуэмурэ езгъэщІэну, псалъэуха тыншхэр хуэстхыу къыщІэздзэри, хьэрф зэгуэтхэри къыхэзгъэхьащ. Езы цІыкІум зигъэунэхужурэ, и къэпсэлъыкІэм зригъэхъуэжурэ пэжым техуэху мыувыІэу лэжьащ, нэхъ тегушхуауи псалъэ хъуащ. Алфавитри зырыз-тІурытІурэ езгъэлъагъуурэ, гурызгъаІуэурэ, фІыуэ къеджэф хъуащ. Софие плъыфэхэр зэхигъэзэрыхьырт, и гум хуимыубыдэу. Сегупсысащ абы Іэмалу къыхуэзгъуэтынум. Абы щыгъуэм деж къэлъытэн хуейщ сабийм фІэфІ хьэпшыпхэр, зэплъхэр, зыдихьэххэр. Арати, мультфильмхэм яхэт лІыхъужьхэм зырызыххэурэ еспхащ плъыфэхэр. Псалъэм щхьэкІэ, «Мейбис» мультфильмыр зытеухуа хъыджэбз цІыкІум сыт щыгъуи фІыцІэ щыгъти, абы и сурэтыр а плъыфэм бгъэдэзгъэуващ. «Рапунцель» шакъафэкІэ, «Дюймовочка» хужькІэ хуэпахэти, абыхэм еспхащ. Езы цІыкІум щхьэусыгъуэ гуэркІэ дерсыр дигъэху къыщыхъу щыІэми, сэ си хущІэмыхьагъэкІэ дэзгъэху хъунукъым. Сабийм гупыж ищІауэ, бзэр щызэригъащІэкІэ, сэ абы и зэманым зэрыхъукІэ зытызогъахуэ. Ар нэгъуэщІ гупжьей гуэрхэми хэтщ, школми макІуэри, абы кърат унэ лэжьыгъэхэри ещІыж. А псом согупсысри, адыгэбзэ дерсым хухаха зэманым жэуаплыныгъэ сэ хызолъхьэ.

Къантемыррэ Астемыррэ - зэкъуэш цІыкІуитІым, скайпкІэ мыхъуу, щхьэхуэу садолажьэ. Нэхъыжьыр илъэс епщІанэм итщ, нэхъыщІэ цІыкІур илъэси 4 - 5 хъуми аращ. Абыхэми Іэмал щхьэхуэ къахуэзгъуэтащ: езы тІур зэзгъэпсалъэу, зэдэзгъэІэпыкъуу изогъэкІуэкІ. Садэлэжьэн щІэздзащ зэшыпхъу цІыкІуитІ, зым илъэситху, етІуанэ цІыкІум илъэситІ я ныбжьу. Ахэри зэдэзгъэджэгуурэ, зым адрейм упщІэ ирезгъэтурэ, тІэкІу езэшауэ гу лъыстэмэ, тезыгъэун Іэмал гуэркІэ зезгъэгъэпсэхуурэ садолажьэ. НэгъуэщІ сабий зыбжанэми язогъащІэ бзэр.

**- Адыгэ сабийхэм папщІэ щыІэ нэгъуэщІ лэжьыгъэхэм ухэплъэрэ?**

- ФІыщІэшхуэ яхузощІ цІыкІухэр дихьэхыу, зэгъэщІэгъуафІэу, шэрыуэу анэдэлъхубзэкІэ усэхэр зытхахэм, зытххэм. Нало Заур, АфІэунэ Лиуан сымэ я усэхэр дапхуэдэу щхьэпэ сабийхэм дежкІэ! ХьэцІыкІу Хьэсэн, Хьэщыкъуей Олег, Къаныкъуэ Заринэ сымэ я усэхэр зэгъэщІэгъуафІэщ.

«Аслъэн цІыкІу» никыр иІэу интернетым напэкІуэцІ щызыгъэлажьэ гуэрым кърилъхьэхэр къызогъэсэбэп. Дзасэжь Ларисэ, Вэрокъуэ Софият сымэ я лэжьыгъэхэр си Іэдэжщ. Тхьэкъуахъуэ Іэуес цІыкІухэм папщІэ и лэжьыгъэхэр егъэлеяуэ сигу ирохь. Псэущхьэхэр, къэкІыгъэхэр, мывэ лІэужьыгъуэхэр, бжыгъэхэр адыгэбзэкІэ щІэблэм егъэцІыхунымкІэ, бзэр къагъэІурыгъэІэфІэнымкІэ ахэр дызыхуэныкъуэ дыдэщ.

**- 2015 гъэм къыдэбгъэкІауэ щыта «Сабиигъуэ» тхылъыр куэдым яІэрыхьащ, анэхэм абы теухуа я щытхъуи зэхызох куэдрэ. А тхылъым и хъыбар къытхуэщІыт.**

- Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэм зыкъытхуигъэзащ сабийхэм папщІэ жыпхъэ щхьэхуэм ит тхылъ зэхэгъэувауэ яІэмэ, къыдагъэкІыну жаІэри. Илъэс зыбжанэкІэ селэжьащ, изгъэувэнухэр къыхэсщыпыкІыу, нэхъыфІхэр къыхэсхыу. Псалъэм щхьэкІэ, школым щадж тхылъхэм ярыт таурыхъ, усэ, хъыбархэр мыбы згъэкІуакъым. Ахэр школым щрагъэджкІэ, мыр нэгъуэщІ зыгуэру зэхэтын хуейт, ямыщІэ нэхъыбэм зыщагъэгъуэзэн щхьэкІэ. Тхылъыр Іыхьэ-Іыхьэурэ зэхэгъэщхьэхукІащ, сабийхэм я ныбжьым тесщІыхьу. Ар «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ.

**- ФатІимэ, уэ сабийхэм папщІэ рассказхэр, таурыхъ цІыкІухэр уотх. Ахэр зытебухуэнур къыздипхым и гугъу къытхуэпщІын?**

- Лъэпкъым зиужьын щхьэкІэ, япэ дыдэу щІэблэм егупсысын хуейщ. ЩІэблэ гъэса зиІэрщ япэкІэ кІуэтэфыр. Шэч хэлъкъым, тхылъым сабийм гъэсэныгъи щІэныгъи къызэрыхихым. Сабийм гъэсэныгъэ тэмэм иІэмэ, езы цІыкІум и щхьэм къэкІынущ лъэпкъым зэрыщыщыр, и бзэр Іурылъын зэрыхуейр. «Адыгэбзэр умыщІэу хъунукъым», жыпІэу утекІиен е хэбгъэзыхьын хуейуэ аракъым. АтІэ, ар уэ езым зыдэбгъэплъеин хуейщ, щапхъэ ебгъэлъагъуурэ. Адэ-анэм далъагъур ящІэж сабийхэм. АтІэ, дапхуэдэу сабий зэрыбгъэсэнур? ЗыгуэркІэ зыдэбгъэІэпыкъу хуэдэурэ, а ищІэри хуэбгъэщІагъуэу, фІыщІэ пщІыуэ, сэбэп къызэрыпхуэхъур уэркІэ зэрылъапІэр зыхебгъащІэурэ. Псалъэм папщІэ, хъыджэбз цІыкІум и адэр лэжьапІэ щыІауэ къэкІуэжамэ, «КъакІуэт, уи адэр къэсыжащи, дыгъэгъашхэт уэрэ сэрэ, мэт мы щІакхъуэр хутегъэувэт, мэт бжэмышхыр етыт» жыпІэ хуэдэурэ, Іуэхуми хуэІэрыхуэу, адэми пщІэ хуищІу есэнущ хуэмурэ.

Сэ сыщыанэкІэ, адыгэ щІэблэм и гъэсэныгъэм сыт си Іуэхуу хэлъыр жысІэу лъэныкъуэ зезгъэзыфыркъым, си гум идэркъым схузэфІэкІ гуэр абы хэзмылъхьэу. Хэт ищІэрэ, сэ стхы рассказ цІыкІухэм зыгуэр еджэнщ е зы гъэсэныгъэ е зы гупсысэ гуапэ гуэр къыхихынщ. Тхылъыр щІэныгъэм и ІункІыбзэІухщ. Махуэ къэси стхыркъым сэ рассказ. Гупсысэ щІэщыгъуэ гуэр си щхьэм къихьарэ, абы теухуауэ мыр захезгъэхарэт е къагурызгъэІуарэт жысІэу цІыкІухэм сахуэхъуапсэмэ, а гупсысэр сабийхэм тыншу зыхащІэн хуэдэу сотхэ. Си ІуэхущІафэхэр зыгуэрхэм къахуэщхьэпэмэ, си гуапэщ.

**- Тхьэм уигъэпсэу!**

*Епсэлъар*
**ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

# «Іуащхьэмахуэм» дыкъыщоджэ




**«Іуащхьэмахуэ» журналым илъэсым къриубыдэ и ещанэ къыдэкІыгъуэр дунейм къытехьащ, абы Іэ щІэзыдза псоми ар яІэрыхьакІэщ.**

2023 гъэм и накъыгъэ - мэкъуауэгъуэ мазэхэм хуэзэ къыдэкІыгъуэм и жьантІэр хуэфащэ дыдэу лъысащ зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуа усакІуэ Іэзэ Бещтокъуэ Хьэбас. Абы и гуащІэм гупсэхуу тепсэлъыхьащ филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат Хьэвжокъуэ Людмилэ. «Къулыкъурэ сомкІэ сымыусэ, щІэусэр зыщІэр езы псэрщ» зи фІэщыгъэ а тхыгъэ купщІафІэм къыкІэлъокІуэ Хьэбас и усэхэр.

«ЖьантІэ» рубрикэм апхуэдэуи щІэтщ усакІуэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкІэ щыта Тхьэзэплъ Хьэсэн и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ ятеухуа тхыгъэхэр. Абы и биографие кІэщІым къыкІэлъокІуэ зэгуэр Хьэсэн хужаІа псалъэ гуапэхэр, езым и ІэдакъэщІэкІ усэхэр.

«Прозэ» рубрикэм щІэтщ МэшбащІэ Исхьэкъ и «Уафэбгыкъу и нэлат» романыр. Япэ номерым къыщыщІэдзауэ Іыхьэ-Іыхьэу гуэшауэ тыдодзэ а тхыгъэшхуэр, Къармэ Іэсият зэридзэкІауэ.

«Іуащхьэмахуэм» и щІэджыкІакІуэхэм я псэ дыхьэу зыпэплъэ тхыгъэхэм ящыщщ усакІуэ Гугъуэт Заремэ и къалэмыпэм къыщІэкІахэр. КупщІэ зэраІэм къыдэкІуэу, ахэр бзэ дахэкІэ, шэрыуэкІэ, гурыІуэгъуафІэкІэ тхащ.

Багъэтыр Луизэ и публицистикэ тхыгъэщ «Пащтыхь гуащэ» зыфІищар. Ар теухуащ Къэбэрдейм и пщы уэлий Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ, абы и щІэныгъэм Куржым и щыхьэру щыта Мцхетэ зэрыщыхигъэхъуам. «Публицистикэ» рубрикэм щІэтщ НэщІэпыджэ Замирэ Европэм щыІэ Адыгэ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ, Германием илъэс 40 хъуауэ щыпсэу хьэрычэтыщІэ Вэрокъуэ Затий дригъэкІуэкІа интервьюр.

«Культура» рубрикэм дыкъыщоджэ артисткэ цІэрыІуэ БжэІумых (Шыбзыхъуэ) Барисэт (Беллэ) теухуа тхыгъэм. Абы зи гугъу щыщІахэр щІагъэбыдэжми ярейщ Беллэ и сурэт дахэхэм.

«Фэеплъ» рубрикэр хухэхащ Мыкъуэжь Анатолэ и щхьэгъусэ пасэу дунейм ехыжам фэеплъ хуищІауэ щыта ІэдакъэщІэкІхэм: поэмэ-элегием, усэхэм.

Гримм зэкъуэшхэм я «Хьэуазэр, дэпыр, джэшыр» таурыхъым, Нало Заур адыгэбзэм кърибгъэтІэсам, «Сабийхэм папщІэ» рубрикэм дыкъыщоджэ. КъыкІэлъокІуэ Хьэкъун Барэсбий и «Адыгэ къэкІыгъэцІэхэр», ГубэщІыкІ Владимир и «ЖыІэгъуэхэр».

Журналыр зэхуещІыж псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдзым.

**ИСТЭПАН Залинэ,**
*«Іуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь.*

# Гум имыху цIыху щыпкъэ

Фэеплъ

**ГъащIэм узыщрихьэлIэ цIыху псори гум къинэркъым - бэм ящыщыгъупщэр зи дуней тетыкIэкIэ, Iуэху зехьэкIэкIэ пэрыту щытахэрщ, куэдым гъуазэрэ щапхъэ яхуэхъуахэрщ, жумарту, псэ къабзэрэ хьэлэлу зи дунейр зыхьахэрщ. Мыпсэужми, я IуэхущIафэхэр, гупсысэхэр абыхэм епхауэ куэдрэ дунейм тетщ зыцIыхуу щытахэр, къадэгъуэгурыкIуахэр, иджыри я гъусэ пэлъытэу. Апхуэдэ гъащIэ купщIафIэ, цIыхухэм я гум къинэн Iуэхугъуэфlхэмрэ псапэ лэжьыгъэхэмкIэ гъэнщIа ирихьэкIащ Абыдэ Хьэсет Къадир и къуэм (1965 - 2021). Къипсэуа илъэс бжыгъэ мащIэм къриубыдэу Хьэсет хунэсащ Iуэхугъуэфl куэд зэфIихыным. Адыгэ щIалэр ящыщащ къыщалъхуа щIыпIэм, къэралым я ехъулIэныгъэхэр зи плъапIэу дунейм тета хэкупсэхэм.**

ДЗЭЛЫКЪУЭ щIыналъэм хыхьэ Белокаменскэ жылэм 1965 гъэм шыщхьэуIум и 6-м къыщалъхуащ Абыдэр. Ар къыщыхъуащ адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ щытепщэ, жылэм пщIэ щызиIэу дэс Абыдэхэ КъадиррэПоцэрэ (ар Хьэшкулхэ япхъут) я унагъуэшхуэм. Зэрыбынитхум я нэхъыщIэ Хьэсетэ къэхъуащ адэ-анэм, и шыпхъу нэхъыжьхэу Хьэлимэт, Феня, Рае, Iэминат сымэ я лъагъуныгъэмрэ гулъытэ хуабэмрэ гурэ псэкIэ зыхищIэу. Нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэ щIалэщIэр къэхъуащ къудану, жыджэру, акъылыфIэу, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу хэлъу. Жылэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиухри, Хьэсет 1982 гъэм лэжьыгъэ IэнатIэ щыпэрыуващ я къуажэм щызэхэт хозяйствэм. А илъэс дыдэми ар лъэпощхьэпоуншэу щIэтIысхьащ Налшык дэт кооператив-ухуакIуэ техникумым. Еджэныр диплом «плъыжькIэ» зэфIэзыха Абыдэр абдеж къыщыувыIакъым. Зригъэгъуэта ухуакIуэ IэщIагъэмкIэ бгъэдэлъ щIэныгъэм нэхъри щыхигъэхъуащ КъБКъУ-м и «Промышленнэ, граждан ухуэныгъэ» факультетым. ПщэрылъхуэхъуэдэтхэнэкъалэнрикъызыхуэтыншэузэфIихыуесаХьэсет университетри фIы дыдэу къиухащ 1993 гъэм. Еджэным хуэнэхъуеиншэ щIалэм, илъэс зыбжанэ дэкIри, щIэныгъэ нэхъыщхьэ етIуанэрэ экономист, бухгалтер IэщIагъэхэмрэ щызригъэгъуэтащ Хьэрычэтыщlэ Iуэхухэм щыхурагъаджэу Белгород дэт академием Ставрополь къалэм щиIэ институтым.

Ухуакlуэ, экономист, бухгалтер IэщIагъэхэмкIэ щIэныгъэ куу зэзыгъэгъуэта щIалэщIэр, зэреджэм хуэдэурэ, щылэжьащ «Къэббалъкъпромухуэныгъэ» IэнатIэм Дзэлыкъуэ щIыналъэм щиIэ къудамэм, щытащ Дзэлыкъуэ район гъэзэщIакIуэ комитетым архитектурэмкIэ и къудамэм и технику. ИужькIэ инженер-инспектору ирагъэблэгъащ КъБР-м УхуэныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэт Архитектурэмрэ ухуэныгъэмкIэ къэрал кIэлъыплъыныгъэ IэнатIэм Дзэлыкъуэ щIыналъэм щиIэ инспекцэм. Лэжьыгъэм хуэIэижь IэщIагъэлI щыпкъэр зэман кIэщIым къриубыдэу хъуащ а IуэхущIапIэм и унафэщI. IэнатIэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкI лъагэхэр къалъытэри, Абыдэм къыфIащауэ щытащ «УФ-м щIыхь зиIэ и къэрал инспектор» цIэ лъапIэр. ЩIэныгъэфI зыбгъэдэлъу гу зылъата, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ ахъырзэману зыкъэзыгъэлъэгъуа Абыдэ Хьэсет 1998 гъэм ягъэуващ «Белокаменскэ» мэкъумэш цIыхубэ зэгухьэныгъэм и унафэщIу. Дзыхь къыхуащI сыт хуэдэ IэнатIэри езыгъэфIакIуэу еса IэщIагъэлI IэкIуэлъакIуэм куэд дэмыкIыу хуэзэфIэкIащ хозяйствэм и экономикэр къиIэтын, къалэжь ерыскъыпхъэхэм хигъэхъуэн. Къапщтэмэ, хьэцэпэцэхэм къыпах гъавэм хуэди 3,3-кIэ хэхъуат, кIэртIофу къэрахьэлIэжри хуэди 4-м нэсkIэ нэхъыбэ хъуат, жэмхэми гъэш нэхъыбэ къат хъуат. Хуэдэ 13-кIэ бэгъуат мэкъумэш продукцэу ящэм къыщIэкI мылъкури.

Жэуаплыныгъэ лъагэ зыхищIэу лэжьыгъэ IэнатIэ Iутми, Абыдэм зэи IэщIыб ищIакъым щIэныгъэ Iуэхури. 2005 гъэ лъандэрэ ар щылэжьащ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ щIэныгъэ центрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым. А институтым щIэныгъэ-производствэмкIэ и къудамэм епха лабораторэм и унафэщIу щыту, Хьэсет зэфIихащ ди республикэм и щIыгулъым езэгъын кIэртIоф жылапхъэ лIэужьыгъуэ нэхъыфIхэр къэгъэхъуным ехьэлIа къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр.

- ЩIэныгъэм и нэхум сыт щыгъуи хуэпабгъэ цIыхут Абыдэ Хьэсет. Ди институтым и щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лабораторэм и унафэщIу щыту, абы лэжьыгъэшхуэхэр зэфIихащ щIыналъэм и мэкъумэш IэнатIэр егъэфIэкIуэным, ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэригъэхьэным хуэгъэпсауэ. ЩIэныгъэ пэжыр зыужьыныгъэм лъабжьэ зэрыхуэхъур фIыуэ къызыгурыIуэ IэщIагъэлIым, езым ныбжьышхуэ имыIэми, пщIэ лъагэ къыщыхуащIырт зыхэт гупым. Гу зэIухарэ псэ къабзэрэ зиIэ Хьэсет бгъэдэлъ зэфIэкIхэмкIэ ядэгуашэрт IэнатIэм и лэжьакIуэ ныбжьыщIэхэм, чэнджэщ щхьэпэхэр ярату, ахэр щIэныгъэ-къэхутэныгъэм и лъагъуэм тришэу, - жеIэ РАН-м и КъБЩIЦ-м Мэкъумэш къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат ЖьэкIэмыхъу Мухьэмэд. - ЩIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм хуэдэ дыдэу, Хьэсет унафэщI къалэнми хъарзынэу пэлъэщырт. Дэ хуабжьу дыщыгуфIыкIырт зи пашэ жылэм и зэIузэпэщыныгъэ и лъэныкъуэкIи Абыдэм зыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэм. Къуажэм къыдэкIыну IэмалыфIхэр мызэ-мытIэу иIами, абы и псэр дапщэщи хуеIэрт щалъхуа жылэм, абы щыпсэу цIыхухэм сэбэп зэрахуэхъуни хущIэкъурт. Абыдэ Хьэсет хуэдэхэращ адыгэм лъэпкъылI, хэкупсэ нэс зыхужиIэр. Къигъэщіа мащIэм къриубыдэу Абыдэм хулъэкIащ языныкъуэхэм илъэси 100-кIэ зэфIамыхыф Iуэху куэд.

ИпэжыпIэкIэ, гъащIэм и купщIэмрэ абы и мыхьэнэмрэ къызэралъытэр цIыхум къикIуа гъуэгуанэм и кIыхьагъ кудеймкIэкъым - ар елъытащ щIылъэм тетыну Тхьэшхуэм къыхуиуха зэманым къриубыдэу цIыхум зыфIигъэкIыфамрэ илэжьыфа Iуэхугъуэ щхьэпэхэмрэ. Белокаменскэ къуажэм унафэр щызехьэнымкIэ и советым и пашэу, апхуэдэуи жылэм и администрацэм и Iэтащхьэу 2007 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 15-м нэскIэ лэжьащ Абыдэр. А зэманым къриубыдэу къуажэм и теплъэми жылэдэсхэм я гъащIэми фIы и лъэныкъуэкIэ зэхъуэжащ. Унафэ дахэ зэрылъ бынунагъуэшхуэм къыхэкIа щIалэм и нэIэм щIэта жылэри зэреса хабзэфIым тету игъэпсэуащ, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, ехъулIэныгъэщIэхэмрэ зыужьыныгъэ нэрылъагъухэмрэ зыIэрагъэхьэу. Къэралым и зэпэщыныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ яхуэгъэпсауэ УФ-м и Президентым къыхилъхьа лъэпкъ проектхэр и гъуазэу, Абыдэр хущIэкъуащ абыхэм ящыщ куэдым къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр и къуажэм щызэфIихыну.

- Зи унафэщI щIыпIэм лэжьыгъэ щхьэпэ куэд щригъэкIуэкIащ Абыдэ Хьэсет. Дзэлыкъуэ щIыналъэр къапщтэмэ, абы хиубыдэ жылэхэм я нэхъыфIхэм ящыщ ищIат Белокаменскэр зэман кIэщIым къриубыдэу. IэщIагъэлI жыджэрым лъэпкъ проектхэр и тегъэщIапIэу зригъэужьащ а къуажэм. Абы зэфIиха апхуэдэ лэжьыгъэфIхэм ящыщщ псырэ газкIэ псэупIэ унэхэр къызэгъэпэщыныр, кхъахэ хъуа унэжьхэм цIыхухэр къыщIагъэкIыурэ зыхуей псомкIи узэда псэупIэщIэхэм зэрагъэIэпхъуар, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри, - жеIэ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и чэнджэщэгъу Бэлагъы Борис. - Ажалым гущIэгъуншэу тхиха щIалэщIэм куэдкIэ дыщыгугъырт, дызэрыщыгугъым нэхърэ нэхъыбэж зэрыхулъэкIынури нэрылъагъут...

Зи пашэу ягъэува жылэм дэсхэм я пащхьэ жэуаплыныгъэшхуэ щызыхищIэу лэжьащ Абыдэ Хьэсет.

- Лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэт Абыдэр. Ди жылэм и Iэтащхьэу зэрыщыта илъэсхэм къриубыдэу Хьэсет фIыкIэ зригъэхъуэжыфащ белокаменскэдэсхэм я гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ абы республикэм щыяпэхэм ящыщу къыщызэIуахауэ щытащ фельдшер-акушер IуэхущIапIэщIэ, фэтэр тIурытIу зэхэт, унагъуэ 16-м ятещIыхьа псэупIэ унэхэр. КъыкIэлъыкIуэу зыхуей хуагъэзэжауэ щытащ къуажэдэсхэм я унэ-лъапсэхэр, «Жылэ мыинхэм я псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм зегъэужьынымрэ псэупIэ унэхэр къэгъэщIэрэщIэжынымрэ» федеральнэ программэр и тегъэщIапIэу, - Абыдэм жылэм щызэфIиха лэжьыгъэхэм топсэлъыхь Белокаменскэ щIыпIэ администрацэм и пашэ КIуэкIуэ ФатIимэ. - Псори зэхэту къапштэмэ, Хьэсет ди къуажэм и унафэщIу щыщыта лъэхъэнэм къриубыдэу унагъуи 108-м я псэукIэр ирагъэфIэкIуащ, псэупIэ унэу 21-рэ ухуа хъуащ, фэтэрыщIэу 89-рэ ятащ. Нобэ езыр къытхэмытыжми, куэдрэ дигу къокIыж зи псэр къабзэу, зи гур зэIухауэ бэм яхуэлэжьа Хьэсет. Абы и фэеплъ дахэщ Iэужьрэ псалъэу къытхуигъэнахэр.

Белокаменскэр жылэу зэрытIысрэ илъэс 90 щрикъуа 2019 гъэр гуимыкIыжт къуажэдэсхэм я дежкIэ. Абы щыгъуэ Абыдэм екIуу къызэригъэпэщауэ щытащ гуфIэгъуэм хуэщIа дауэдапщэхэр, хьэщIэ лъапIэхэр къригъэблагъэу. Къуажэм и тхыдэр къызэщIэзыубыдэж тхылъ дахэ, «Белокаменское: путь длиною в 90 лет» фIэщыгъэр иIэу, Налшык къыщыдэкIауэ щытащ, Абыдэ Хьэсет, КIуэкIуэ ФатIимэ, Маргъущ Маринэ сымэ я къалэмыпэм къыпыкIауэ. Жылэм, абы и цIыхухэм ятеухуа апхуэдэ тхыдэ-публицистикэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьэнри зи жэрдэму щытар хэкупсэу зи гъащIэр зыхьа Хьэсетт.

Абыдэм гулъытэ хэха яхуищIырт гъащIэм щытыкIэ гугъум иригъэува цIыхухэм, бын куэд щапI унагъуэхэм исхэм, зи узыншагъэмкIэ гукъеуэ зиIэ и къуажэгъухэм. Къэралым къахуиутIыпщ дэIэпыкъуныгъэм нэмыщI, Хьэсет апхуэдэхэм защIигъэкъуащ и мылъку хьэлэлкIэ, псапэ илэжьу. А псори ящыгъупщауэ нобэ я гум илъщ къуажэдэсхэм. УнафэщI щыпкъэм, зэхэщIыкI куурэ хьэл-щэн дахэрэ зиIа цIыху жумартым, зэрыжаIэмкIэ, зыкъызэзыгъазэ дэтхэнэми псалъэ къыхуигъуэтыфырт, Iэмал зэриIэкIи дэIэпыкъуэгъу, щIэгъэкъуэн хуэхъурт. ЦIыхубэм я дзыхь къригъэзэу, Абыдэ Хьэсет хахауэ щытащ КъБР-м и Парламентым, Дзэлыкъуэ щIыналъэм, Белокаменскэ жылэм я советхэм я депутату. Абы и жэрдэмкIэ депутатхэр хэплъащ икIи къащтащ цIыхубэм я гъащIэр, псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэпса хабзэхэр.

УнафэщI щыпкъэм, щIэныгъэлI Iэзэм, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшым и зэфIэкIым къихьа ехъулIэныгъэхэм къэрал гулъытэ ягъуэтащ. Абыдэ Хьэсет хуагъэфэщауэ щытащ ди республикэм и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр. Апхуэдэу Абыдэр ягъэпэжащ КъБР-м и Парламентым, УФ-м, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ я министерствэхэм, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм, КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм, Дзэлыкъуэ щIыналъэм и администрацэм, КъБР-м и ЩIыпIэ администрацэхэм я пашэхэм я зэгухьэныгъэм, нэгъуэщI къэрал, жылагъуэ IэнатIэхэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ, дамыгъэ лъапIэхэмкIэ. Ди къэралым и мэкъумэш IэщIагъэлI нэхъыфIхэм халъытэу, Абыдэ Хьэсет Къадир и къуэм 2008 гъэм къыхуагъэфэщауэ щытащ къэрал лэжьакIуэ икIи узэщIакIуэ цIэрыIуэ Столыпин Пётр и цIэкIэ ягъэува лъыщта лъэпкъпсо саугъэтыр.

Апхуэдиз лъагапIэхэм нэса, атIэми хулъэкIыну псоми, мураду иIахэми я нэхъыбапIэм хунэмысу зи гъащIэр къызэпыуда адыгэлI пажэт Абыдэр. ИлъэситI ипэкIэ, 2021 гъэм и накъыгъэ мазэм, абы и дунейр ихъуэжащ, хьэлъэу сымэджа нэужь. Ар хэщIыныгъэ хьэлъэщ ди щIыналъэми, щалъхуа жылэми, Абыдэхэ я лъэпкъми я дежкIэ. КъыпхуэмыIуэтэным хуэдиз гуауэщ Хьэсет и щымыIэжыныгъэр и анэкъилъхухэми, къыщIэна унагъуэм исхэу щхьэгъусэ пэжу къыбгъэдэта Хьэлимэти (ОксанэкIи йоджэ, ар Купхэ япхъущ), и бынхэу Азэмэт, Марат, Миланэ сыми ехьэлIауэ. ЗэщхьэгъусэхэмяхуаунагъуэрдахэтекIут. Щапхъэ зытрахым хуэдэт абыхэм я зэхуэщытыкIэри я бын гъэсэкIэри. Быным я нэхъыжь Азэмэт и насып ильагъуну хунэса къудейт адэ гумащIэр. Я щIэблэм ехьэлIауэ зэщхьэгъусэхэм я псэм щагъэфIа хъуэпсапIэхэм ящыщу нахуапIэ мыхъуахэр быным къахуэзэпищэну мэлъаIуэ, лъэкI псори ещIэ абыхэм къахуэна анэ IэфIым.

- Хьэсет егъэлеяуэ къытхуэщабэт, къытхуэгумащIэт ди адэ-анэми, анэкъилъхухэми, и унагъуэ дахэм исхэми. Къэхъуакъым абы нэхъыжьхэм я псалъэр тIу щищIа. Зэрыбыныр абыхэм дагъэсат фIыуэ дызэрылъагъуу, дызэрыпхъэу, ди зэхуаку гуапагъэрэ хуабагъэрэ дэлъу, - жаIэ Хьэсет и шыпхъухэм. - Апхуэдэу щытми, зэшыпхъухэм ящыщ дэтхэнэми гурэ псэкIэ дгъафIэрт ди дэлъху цIыкIур. Ар быным ди нэхъыщIэт, псори куэд лъандэрэ зыщIэхъуэпса щIалэу унагъуэм къихъуат. ХудиIэ гурыщIэр псэкIэ зыхищIэу, ди дэлъху закъуэр хуабжьу къытхуэгумащIэщ зы анэ къилъхуа бзылъхугъэхэм ящыщ дэтхэнэми. Ди псэм нэхъ пэгъунэгъу, дэтхэнэми ди дзыхь зэдгъэз хъу, ди гумрэ ди псэмрэ зыхуэзэIутхыф цIыхут Хьэсет. Апхуэдэ дэлъху зыми ямыIэми ярейуэ, фIыщэу тлъагъурт икIи дыкъилъагъужырт езыми. Ар хэщIыныгъэ хьэлъэ дыдэщ ди унагъуэшхуэм исхэми дэ къыттепщIыкIыжа щIэблэми я дежкIэ. Дыпсэуху тщыгъупщэнукъым ди дэлъху закъуэр. ДощIэ: зыцIыхуу щытахэми ар фIыкIэ я гум куэдрэ илъынущ. Жэнэтыр увыIэпIэ хуэхъуауэ Тхьэм къыщIигъэкI. Дыпхуэарэзыщ, ди анэкъилъху IэфI. Алыхьыр арэзы къыпхухъу.

ЦIыхур, гъащIэр фIыуэ зылъагъу, и Iыхьлыхэми благъэхэми яхуэгумащIэу псэу Хьэсет Абыдэхэ я лъэпкъми увыпIэ щхьэхуэ щиубыдырт. Абыдэ Чэрим зэрыжиIэмкIэ, Хьэсет хэмыIэбауэ зэфIэмыкIми ярейт лъэпкъым и зы Iуэхуи, а цIыху угъурлым и чэнджэщи абы хэлъын хуейуэ ябжырт псоми. Iыхьлы гъунэгъу дыдэу къалъытэрти, зым и дзи шыртэкъым Хьэсет Iуэхукlэ е чэнджэщкIэ елъэIуну. Езы псэ къабзэри хьэзырт хулъэкIымкIэ хэти зыщIигъэкъуэну, и сэбэп иригъэкIыну.

Абыдэ Хьэсет Къадир и къуэм, цIыхум папщIэ псэуа, апхуэдиз IуэхущIафэ дахэхэр зиIа, зи мурадхэр ину, гупсысэхэр къабзэу дунейм тета жумартым, дэри дыхуолъаIуэ и ахърэтыр нэхуу щытыну. Псэужамэ, абы и ныбжьыр илъэс 58-рэ дызыхуэкIуэ тхамахуэм ирикъуну арат... ДунеягъэкIэ Алыхьым къимыгъэхъуапсэ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



# Сабиипсэр зыхэзыщIа усакIуэ нэс

## АфIэунэ Лиуан къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу

ДифI догъэлъапIэ



**Сабий усакIуэ АфIэунэ Лиуан Алий и къуэр Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм 1938 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м къыщалъхуащ. 1953 гъэм абы къиухащ классибл школыр. 1957 - 1960 гъэхэм дзэм къулыкъу щищIащ. «Къэббалъкъпромстрой» трестым зэрыщылажьэм хуэдэурэ епщIанэ классыр къиухыжащ. 1970 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм щегъэжьауэ пенсэм кIуэху (1998) ар щылэжьащ Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым Налшык щиIэ и базэм.**

**И лэжьыгъэкIэ литературэм пэжыжьэу къыпщыхъуми, адыгэ сабийхэм тыгъэ хьэлэмэт хуэзыщIа усакIуэщ, зэчий зыбгъэдэлъа цIыхущ АфIэунэ Лиуан. И бзэр сабиибзэу, сабиипсэри зыхищIэу щIэхъуам и щхьэусыгъуэр пасэу зеиншэ зэрыхъуар, сабийуэ и анэр дунейм зэрехыжар арауэ жыпIэкIи ущыуэнукъым. Зыхуэныкъуа псалъэ дахэмрэ гуапагъэмрэ цIыкIухэм ялъигъэсми ярейуэ псэуащ, тхащ Лиуан. ГъащIэ гъуэгуанэ гугъу къыпэщылъам зы мащIэкIи ткIий хуэщIакъым АфIэунэр, уеблэмэ езым зыхимыщIа IэфIыгъэр иригъэкъуж щIыкIэу сабийхэм «ядэуэршэрырт».**

**Курыт еджапIэр къиухынми хунэмысу, абы лэжьэн щIидзат. МыващIэу, ухуакIуэу, хьэлъэзехьэу лэжьащ, псэун папщIэ гугъуехьым зэрызыщимыдзейр къигъэлъагъуэу. УсакIуэ Сонэ Абдулчэрим и псалъэкIэ жыпIэмэ, «КъарукIэ дунейм зыгуэр щылэжьамэ, Лиуан апхуэдэщ». 1983 гъэм дунейм къытехьа «Дадэ и сурэт» и усэ тхылъым наIуэ ищIащ усакIуэ нэс утыкум къызэрихьар. А лэжьыгъэм къыкIэлъыкIуащ «НэщIэпкIэ» (1990 гъэ), «Псынэ цIыкIу» (1993), «Усыгъэхэр» (1998), нэгъуэщI куэди. Абы и усэ нэхъыфIхэм уащыхуозэ «Азбукэм», класс нэхъыщIэхэр зэреджэ анэдэлъхубзэхэм, сабий садхэм папщIэ зэхалъхьа тхылъхэм, «Адыгэ сабий литературэ», «Вагъуэбж» къыдэкIыгъуэхэм.**

**Усэбзэкlэ цIыкIухэм зэрепсэлъэфым къыдэкIуэу, Лиуан и IэдакъэщIэкIхэмкIэ хузэфIокI сабийхэм я зэхэщIыкIым хигъэхъуэн, къэзыухъуреихь дунейм и плъыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм кIэлъигъэплъын. Абы и усэхэр гурыIуэгъуафIэщ, псэм дыхьэгъуафIэщ. Ущие дахэм я щIыбагъ къыдэтщ гущIэгъурэ цIыхугъэ дахэрэ. Мис абыхэм поэзиери къагъэщIыж.**

**АфIэунэ Лиуан и къалэмыпэм къыщIэкIа балигъ усэхэр, я бжыгъэкIэ нэхъ мащIэми, купщIафIэщ, гум къишхыдыкI псалъэ Iущхэмкlэ гъэнщIащ.**

**Лиуан 2012 гъэм дунейм ехыжащ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр гулъытэншэ зэрымыхъуар къридгъэлъагъуэу, хужаIа псалъэ гуапэхэм ящыщ зыбжанэ ди тхыгъэм къыщытхьынщ.**

**БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас**, *усакIуэ:* - АфIэунэ Лиуан къыдигъэкIа тхылъхэм уащытхъукIэ емыкIу къэпхьынукъым. Лиуан цIыкIухэм зэрепсэлъэн талантышхуэ зыбгъэдэлъ усакIуэщ, сэ абы шэч къытесхьэркъым. АфIэунэм и усэ нэхъыфIхэр уащIытеукIытыхьын ябгъэдэмылъу хуэхьэзырщ зи школ щIэтIысхьэгъуэ нэмыса цIыкIухэми пэщIэдзэ классхэм щеджэхэми гукIэ зребгъэгъэщIэну.

ТхакIуэхэм цIыкIухэм папщIэ зыгуэр зымытха е итхыну зи мымурад къытхэткъым, ауэ АфIэунэм хуэдэу сабийхэм епсэлъэфа, мы дунейр зэрытелъыджэр, сабиигъуэр таурыхъым и хьэуакIэ зэрыбауэр, псэущхьэхэм псэ зэраIутыр, абыхэм я псэми хуэсакъын зэрыхуейр цIыкIухэм яжезыIэфа усакIуэ дэ диIэу сыщыгъуазэкъым.

Псом япэу гу зылъыптэр мыращ: Лиуан и усэхэм я нэхъыбэр сабийм зыкъыпхуигъэзауэ усэкIэ къопсалъэ хуэдэу тхащ. Апхуэдизкlэ «тыншу» тхащи, хэлъышхуэ щымыIэ хуэдэуи къыпщыхъунущ зэ еджэгъуэкIэ. АрщхьэкIэ сабий ухъужынуи тынш? Сабийм и гум и хуабэр, и дуней еплъыкIэр, и псэлъэкIэр хуэхъумэу цIыху балигъхэм къахэнэр дапщэ? Сабийм я Iуэху еплъыкIэр, дунейр зэрызыхащIэ щIыкIэр гукъинэжу, гъэхуауэ къызэриIуэтэн анэдэлъхубзэ зыIурылъри куэд хъурэ?

МыкIуэщIыж гуапагъэкIэ, хуабагъэкIэ, гущIэгъукIэ гъэнщIащ АфIэунэм и усэхэр. Лиуан къиIуатэ ущиер Iэдэб, сакъ, IэщабэIущабэ зыщIыр а ущием и щIыбагъ къыдэт гущIэгъур, усыгъэр къэзыгъэщI цIыхугъэ дахэр аращ.

Лиуан и усэхэу «ХъумпIэцIэдж», «Жьынду», «ТхьэкIумэкIыхь», «ФыкъэтIыс», «Удз дэжей», «Гъэмахуэ», «Джэш дэжей», «Дзыгъуэнэф», «Япэ усэ», «Си кIэбышэ», «Санэмрэ жызумымрэ», «Гуащэ», «Тхьэрыкъуэ», «Лэу-лэу», «Джэдкъурт», «Шылъэгу», «Гъуэгу махуэ», «Анэш нанэ», «Бабыщ шыр», «Тумэ-тумэ» усэхэр, нэгъуэщI куэди ди сабий литературэм и тхыгъэ нэхъыфI дыдэхэм зэращыщым шэч къытесхьэркъым. Апхуэдэ тыгъэ хьэлэмэт лъэпкъым и сабийхэм яхуэзыщIар литературэм хуемыджа щIалэщ. Ауэ щыхъукIи, Лиуан и усэхэмрэ абы и лэжьэкIэмрэ щапхъэ яхуэхъупхъэщ литературэр зи IэщIагъэ куэдым. Лиуан и псэм и хуабэр, и гум игъэвар адыгэбзэ къабзэкIэ тха усэ зэщIэжьыуэу цIыкIуми инми нобэ ди пащхьэм илъщ.

**КЪЭЖЭР Петр**, *усакIуэ:* - Лиуан и тхыгъэхэм и псынэпс шкIурэр «къыщыщIэбыргъукIыр» «Нур» журнал цIыкIурщ жысIэмэ, зыкIи сыщыуэнукъым: аращ усакIуэм и тхыгъэхэм япэ лъэбакъуэр щачари, зыхуитх сабийхэм я деж нэзыхьэсари.

Гугъу демыхьу, зэ-тIэу нэхъыбэ къемыджэу е уакъыхуемыджэу цIыкIухэм къапхъуэтэн, зрагъэщIэфын усэ птхыфыныр Iуэхугъуэ тыншкъым. Iэзагъэ нэгъэса уиIэн хуейщ, птхыр щIэптхри зыхуэптхри фIы дыдэу пщIэжу. Лиуан и усэбзэр къабзэщи, укъеджэну гухэхъуэщ. Усэр сабийм зригъэщIапхъэу къыхуагъэувмэ, ахэр апхуэдизкIэ тыншщи, зэ къеджэгъуэкIэ жыхуаIэу игу ириубыдэфынущ. Аращ Iэзагъэ жыхуаIэри, усакIуэ нэгъэсакIэ узэджэнури.

Ди литературэм, псом хуэмыдэу ди сабий литературэм, зиужьыным Лиуан и гуащIэ зэрыхэлъым сэ срогушхуэ.

**ГЪЭУНЭ Борис**, *тхакIуэ*: - АфIэунэр усакIуэ телъыджэщ. ЩIэтелъыджэри? Сабийм дахэу, IэфIу йопсэлъэф. Абы и псалъэр къыщежьэр и гущIэ дыдэрт, зэчий бгъэдэлът. Лиуан и цIэр зэхэсхыху си нэгу къыщIохьэж гуфIэгъуэм зэщIиIэта цIыкIухэр. Абыхэм хэт уэрэд жаIэ, хэти долъей-допкIей, хэти и анэм зришэкIауэ абы къриш уэрэд гуакIуэм IэфIу щIожеикI. «Си нэгу къыщIохьэж» щIыжысIэр а зи гугъу сщIа теплъэгъуэхэр сэ си щхьэкIэ си нэгу щIэкIащи аращ. Сабий сад, яслъэ жыпIэми, ди къуажэхэм гуфIэгъуэ зэхуэсышхуэ щекIуэкIхэми сэ куэд дыдэрэ слъэгъуащ АфIэунэ Лиуан и усэхэм яфIэгъэщIэгъуэну сабийхэр къеджэу, абы къыдигъэкIа тхылъхэр зэIэпахыу щIаджыкIыу, абы и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр цIыкIухэм щагъэзащIэкIэ IэгуауэшхуэхуаIэту. АбыкIэ сэ жысIэну сызыхуейр нэхъыщхьэу зыщ: сабийр апхуэдизу зыгъэгуфIэф, зыгъэгушхуэф АфIэунэ Лиуан и насыпт.

Сабийм и хьэл-щэныр, абы и дунейр, и психологиер, и гумрэ и псэмрэ щыщIэр АфIэунэ Лиуан хуэдэу кууэ, щызу къэзыгъэлъэгъуэф адыгэ усакIуэ сэ си щхьэкIэ срихьэлIакъым. Радиом сыщылэжьа зэманым Лиуан и усэхэр радиокIэ къэсту щIэздзэри... лъэIу письмохэр уэру къысIэрыхьэу хуежьам и мызакъуэу, балигъхэри къэпсалъэрт, яфIэгъэщIэгъуэнт, яфIэтелъыджэт Къулъкъужын Ипщэ (Абзуан адыгэ жылэжьым) щалъхуа, щапIа щIалэм и IэдакъэщIэкIхэр.

Ди композиторхэми гулъытэншэу къагъэнакъым АфIэунэм и IэдакъэщIэкIхэр. Абы и псалъэхэр щIэлъу сабий уэрэд тIощIым щIигъу зыуса щыIэщ. А псор къедмыбжэкIми хъунущ, сыту жыпIэмэ ахэр щIэх-щIэхыурэ радиокIэ къат, сабий садхэм, школхэм щагъэзащIэ.

Сэ фIыуэ слъагъурт а усакIуэ телъыджэр. ЩIэслъагъури пщIэшхуэ щIыхуэсщIри тхыгъэхэм я закъуэкъым. Ар сыт щыгъуи сабырт, Iэсэт, зэпIэзэрытт, Iэдэбу, зэтеубыдауэ, дахэу цIыхум яхэтыфти арат. Мы сатырхэр здэстхым си нэгу щIэтщ АфIэунэ Лиуан и нэгу угъурлыр: зэзэмызэххэ фIэкIа схуэмыгъэдыхьэшх а лIы хъарзынэр дауэрэ сщIыми къэзгъэгуфIэрт, сэри абы сыщыгуфIыкIыжырт. Аращ. Псэ хьэлэлыр сыт щыгъуи жыIэзэфIэщщ...

**УЭРЭЗЕЙ Афлик**, *усакIуэ:* - Зи IэщIагъэм хуэIэижьым, зи лэжьыгъэм гукIи псэкIи бгъэдэтым, а лэжьыгъэр адрейхэм ефIэкIыу зыщIым хужаIэ: «КъызыхуигъэщIар аращ». АфIэунэ Лиуан къызыхуигъэщIар сабийм усэ яхуитхыну арат...

Жанр псоми ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр щызыгъуэта ди адыгэ литуратурэм сабий усыгъэр увыпIэншэу къыщымынамэ, ар зи фIыщIэхэм Лиуани ящыщщ. Сыту жыпIэмэ и гулъытэ нэхъыщхьэр сабийм хуэгъэзарэ хэхауэ цIыкIухэм яхуэтхэу Лиуан къищынэмыщIа ди литературэм куэд хэбгъуэтэнукъым. Зыхуэтхэм и нэкIэ гъащIэм хэплъэф, ныбжьыщIэм и гупсысэкIэр къэзыубыдыф, къилъэгъуамрэ къиубыдамрэ гурыIуэгъуэу къэзыIуэтэжыф усакIуэщ АфIэунэр. Ар Лиуан и «Къэрабэ», «Дадэ и сурэт», «НэщIэпкIэ», «Псынэ цIыкIу», «Хэмыхъуэ мыхъуратI» тхылъхэм щынэрылъагъущ. ЖиIэр зыжриIэм тыншу къыгурыIуэу, къыгурыIуэм и мызакъуэу, абы дерс къыхихыу, гукъинэж гъэщIэгъуэнхэр къыхигъуатэу зэрыщытырщ Лиуан и усэхэр щIэщыгъуэ зыщIыр, цIыкIухэм я гумрэ я псэмрэ щIыхэпщIэр.

И адыгэбзэр зэрылантIэм, зэрыкупщIафIэм, ар дахэу, къезэгъыу зэригъэджэгуфым къыхокI АфIэунэм и гупсысэр тыншу тхылъеджэм деж зэрынэсыр. Ар зыхузэфIэкIынур усакIуэ нэсырщ.

**ХЬЭТУ Пётр**, *усакIуэ:* - ИгъащIэм цIыху Iэдэбу къекIуэкIащ Лиуан, зэи псалъэшхуэ къыдришеякъым. Зыгуэрым фIэнэн жыхуэпIэр игу къэкIыххэртэкъым. ЦIыху хьэлэлу, псэ къабзэу дунейм тетащ. Апхуэдэхэрауэ къыщIэкIынщ сабий усэ нэс зыхуэтхынур. Газетхэм, журналхэм къытрадзэ и усэхэмкIэ сыщыгъуазэт Лиуан и гуащIэм, и лэжьыгъэхэр згъэщIагъуэу апхуэдэт. Гъунэгъуу ар къыщысцIыхуар бгъэщI гъэхэращ. «Адыгэ псалъэ» газетым щэнхабзэмкIэ и къудамэм Хьэх Сэфарбий сэрэ дыщылажьэу, къэкIуэн щIидзащ Лиуан. Газетым теддзэну и усэхэр къытхуихьу арат. Сыхуеплъырт, хузэзгъэзахуэрт, къытеддзэрт. ГъэщIэгъуэнракъэ, мыхъуар щIэмыхъуар жыпIэну ухунэмыс щIыкIэ и щыуагъэр къиубыдыжыфырт, мыхъуаIами тыншу зэбгъэзэхуэжыфырт. ЖыпIэнурамэ, щIэджыкIакIуэм деж нихьэсыну зыхуейр гурыIуэгъуафIэт.

Адыгэбзэ Iурылъащ, къыздрихар тхьэм ищIэнщ. ЦIыхубэ усакIуэ жыхуаIэм хуэдэт, къуажэр, зыхэт цIыхухэр арагъэнт. И университетыр – ГъащIэращ. Тхылъи еджащ ар, IуэрыIуатэми «Нарт» эпосми хъарзынэу щыгъуазэт, хъыбар Iэджи ищIэрт. ЗэхэщIыкI хэлът, и псэм зиужьат, езыр-езыру еджэжат, езым зыкъигъэщIыжат.

КъыумыцIыхункIэ Iэмал имыIэу усэ зэхэлъхьэкIэ хьэлэмэт иIэт. Балигъхэм, сабийхэм яхуэтхэ усакIуэ псори соцIыхури, абы и IэрыкIхэр зыми зэи хэзгъэгъуэщэнукъым.

*Зыгъэхьэзырар*
**ИСТЭПАН Залинэщ.**

# Усэхэр

## Си бзэм сыхуоусэ

**Си бзэр насыпышхуэщ,**
**Ижь-ижьыж бзэщIэжщ.**
**Хэкущ, жьэгу пащхьэщ, хышхуэщ,**
**Хабзэ зэтещIэжщ.**
**Ар си адэ-анэщ,**
**Си къэрэгъул бжыхьщ.**
**Тхыдэщ, гъуэгущ, гъуэгуанэщ,**
**Ар насыпырыхьщ.**
**Си бзэр ущиякIуэщ,**
**Лъэпкъым и уэчылщ.**
**Ар ди узэщIакIуэщ,**
**Ди хьэл-щэн акъылщ.**
**Ар къурш щхьэпэлъагэщ,**
**Ар хъер-хъыбарыжьщ.**
**Лъэпкъыр зэрыпагэщ,**
**Бэшэч угъурлыжьщ.**
**Прозэщ ар поэзиещ,**
**Лъэпкъ мыгъэкIуэдыжщ,**
**Ем фIыр щызыхъумэ**
**ГуащIэ щымысхьыжщ.**
**Си бзэр псэущ, псэунущ,**
**ПлъапIэм Тхьэр итыху!**
**Зы адыги псэкIэ**
**Бауэу**
**ЩIым тетыху!..**

## Гуныкъуэгъуэ

**Ди зэхэтыкIэр**
**Зэрыщыту хъуэнщи,**
**Сшхы тIэкIур IэфIу**
**Си джийм емыхыж.**
**Ди щIэблэр насыпыфIэ**
**Хъун-мыхъунщи,**
**Мыгъуагъэу щыIэр**
**Си щхьэм хузохьыж.**

* * *

**Сыкъуэсщ зэманым**
**И кIэ къуагъым,**
**И Iейми си щхьэр**
**Хуемыгух.**
**Сопсэу, си гуащIэ**
**КъызэрихькIэ,**
**Гугъуехь зи натIэм**
**Сащыщ цIыхущ.**

## УкIытэ

**Iэмалыншагъэм**
**ИрихулIэу,**
**ЛъаIуэм и гупэр**
**ЗэрыукIытэр**
**IуэхутхьэбзэмыщIэм**
**Имылъагъу.**
**ЛъэIуам и лъэIур**
**КъемыхъулIэм,**
**IуокIыж укIытэу**
**И щIыбагъ.**

## «Адыгэ псалъэ»

**Лъэпкъ псалъалъэ,**
**Лъэпкъ пшыналъэ,**
**Адыгэ налкъут.**
**ЗыщызгъэнщIкъым сэ**
**Уи псалъэ,**
**Лъэпкъыпсэ зыIут!**

**Лъэпкъ Iущыгъэ,**
**Лъэпкъ усыгъэ**
**Зи IэдакъэщIэкI.**
**Ем пэщIэту**
**Ди лъэпкъ тхыдэр**
**КъызыбогъэдзэкI.**

**Лъэпкъ къудамэр**
**ЗэпызыщIэ,**
**ЗэзыгъэцIыхуж.**
**ХамэщI щикъухьа адыгэр**
**СфIощIыр зы дыпщIыж.**

**Лъэпкъ гъуэгуанэм**
**Тетщ уи нэIэ,**
**Бжьыпэри щыпIыгъщ.**
**Пасэрейуэ**
**«хьет» жегъэIэ -**
**Умыбэлэрыгъ!..**

## Зы мыгъуагъэ

**Сыт хуэдизи**
**КъэдгъэгъащIэ,**
**«Хъунщ» жызыIэ**
**СщIэркъым щыIэу,**
**Дыхъукъым арэзы...**
**Псэ зыIуту**
**Дунейм тетым**
**Ди мыгъуагъэр зыщ...**

* * *

**УщыIуэхуншэм -**
**Ущыпыпхэщ,**
**Ущыбзэдыджым -**
**Ущыфочщ.**
**IуэхуфI щыблэжьым -**
**Ущыкъупхъэщ,**
**УщыбзэIэфIым -**
**Ущыфощ.**

## IэфIрэ къэуатрэ

**Дунейм шхыныгъуэу**
**Куэд щызокIуэ,**
**Тхьэм ищI нэхъыбэ,**
**Дэрэжэгъуэ къуат!**
**Яхэткъым ахэм,**
**Тхьэ фхузоIуэ,**
**Анэ быдзышэм**
**Хуэдэу IэфIрэ**
**И хьэлу Iыхьэ пшхамрэ**
**Нэхъ къэуат.**

## Кхъужьейм и жэуап

**Зэрыт хадэм щынэщхъейуэ**
**Кхъужьей жыгыр щытщ.**
**Зыхэт жыгхэм ядэплъейуэ**
**ЩIэмыгъагъэр сыт?**
**Къэхъуа зы гъэ, дэсхыу гъабгъэ,**
**Хьилагъ сыщекIуа?**
**КхъыIэ, уигу къызумыгъабгъэ,**
**Жьыгъэр къыстекIуащ.**

## СщIэрэ сымыщIэрэ

**Си дыгъэр сщIэркъым**
**Щыкъухьэнур,**
**ЗгъэщIэнуи сщIэркъым**
**Къысхуэнар.**
**Ауэ зы сощIэ**
**Сэ фIы дыдэу:**
**Сэ хьэдрыхэ**
**Зыдэсхьынур**
**Си нэгу щIэмыкIыу**
**КъыщIэнарщ.**




# Хъэуан фо

● Лъэпкъ шхыныгъуэ



Хъэуаныр фIыуэ хъуауэ къыхах, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, хъыдан гъущэкIэ ялъэщIыж, тIууэ зэгуаупщIыкI, жылэр кърахри яупщIатэ, и фэр трагъэж, хъэуаныку къэнам псыр къыщIаху. Абы щхьэкIэ псыщIэху, лыхьэж къагъэсэбэп, е бинтым кIуэцIалъхьэри къыщIакъузыкI.

Хъэуаныпсыр кхъузанэ щабэкIэ язри, кIэструлкIэ мафIэм трагъэувэ. МафIэр ин ящIри, и щхьэр темыпIауэ къагъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. Ар зэ къызэрытекъуалъэу зэIащIэ, къимыкIын щхьэкIэ. Къытекъуэлъар дакъикъи 5 - 6 дэкIмэ къикIыжынукъым, къэкъуалъэу тетынущ. ЩIимысыкIын щхьэкIэ, хъэуаныпсыр бэлагъкIэ зэIащIэ. Абдежым щыщIэдзауэ ар Iув хъууэ хуожьэ. МафIэ мыгуащIэм тету дакъикъэ 45-кIэ къавэмэ, хъэуаныпсым и пщтырагъыр градуси 105 - 106-рэ мэхъу. Мис абы и ужькIэ фор хьэзырщ. Ар гъуэжь-фIыцIафэу, Iуву, зэпышу щытщ.

Фор кхъузанэ щабэкIэ яз, тIэкIу ягъэупщIыIу, хьэкъущыкъу гъущэм иракIэри, и щхьэр ягъэбыдэж.

***Халъхьэхэр:***

хъэуан укъэбзауэ - г 1000.

Абы фо хьэзыру къыхокI - г 130-рэ.

**КЪУБАТИЙ Борис**.

● Псэущхьэхэр

# Бажэ Iущыцэ



А псэущхьэ Iущым и хъыбар зэхэзымыха щыIэу къыщIэкIынкъым. И теплъэкIи тыншу адрей псэущхьэхэм къыпхухэцIыхукIынущ: и кIыхьагъыр см 62 - 72-м нос, и кIэр инщ - см 40 - 45-рэ мэхъу, и хьэлъагъыр кг 6 - 8-мноблагъэ.

Бажэм псэупIэ хэха иIэкъым. Ар дэнэ и дежи щыпсэуфынущ, и шхын щигъуэт закъуэмэ. Мэзми щIэсщ, губгъуэми итщ, къуацэ-чыцэми щощакIуэ, унэ джэдкъазри и мыхьэмышхкъым. Уеблэмэ псым хэс бдзэжьейм йощакIуэ.

Хъыбар гъэщIэгъуэн куэд хужаIэ бажэм. Ар адыгэхэм я закъуэкъым зи IуэрыIуатэм хэтыр. Абы щхьэусыгъуэу иIэр бажэм и дуней тетыкIэращ. Мыпхуэдэу жызыIи щыIэщ: «Бажэм хуэдэу щэхущ, бзаджэщ, щхьэхуещэщ, Iущщ». Апхуэдэу щIыжаIэр сыт хуэдэ Iуэхуми «зыдригъэкIуфу», зыхуей зригъэхъулIэфу зэрыщытырщ.

● ЖыIэгъуэхэр

# Губжьым гур къигъэкъабзэми, напэр трех

**♦Биижьыр щигъэблагъэм благъэжьым къибгынащ.**

**♦Блэ зэраукIа башым благъуэри щошынэ.**

**♦Вы тIыса имыгъэтэджмэ, и псалъэ хуэсакъ.**

**♦Выгум зыщIэпщIэжамэ, вы хуэдэу екъу.**

**♦Выгум ис пэжыр шым тес пцIым дожэф.**

**♦Гуащэр щыкIамэ, нысэр щIыкIейщ.**

**♦Гу зылъебгъэтэнумэ, зумыплъыхьу тIыс.**

**♦Губжьым гур къигъэкъабзэми, напэр трех.**

**♦Губзыгъэм нэхърэ делэм нэхъ щыблэкIыгъуафIэ щыIэщ.**

**♦Губзыгъэр и акъылкIэ йогупсысри, делэм нэгъуэщIым жаIэм трещIыхь.**

**♦Гугъэ нэпцIым лъапцIэу укърешэкI.**

**♦Гугъэм ухэтыху уимыIэри уиIэщ.**

КIЭРЭФ Хьэсэнбий.

● Гъуэгуанэ тхыгъэхэр

# Зауэ нэужьым

Лъэхъэнэ бзаджэт. Зауэ нэужьт. Гъаблэт, цIыхухэм яшхын яIэтэкъым.

Зи щхьэгъусэр зауэм хэкIуэда цIыхубзым сабииплI къыхуэнат, абы и мызакъуэу, и шыпхъу бынхэри езым зришэлIэжауэ ипIырт. Жэщыр хэкIуэтауэ къадыгъуауэ нартыху пут къыхуIуашэри къищэхуат Марзидан. Ар пкIэм дрихьейри щигъэпщкIуащ, мащIэ-мащIэурэ сабийхэм хьэнтхъупс яхуищIурэ яригъэшхыну.

Абы щыгъуэ нчвыдым и унафэщIыр лIы бзаджэ дыдэу Менлыкъуэ Хъызырт. Къэгъазэ, щысхь жыхуаIэр зыми хуэзымыщIт. Гъавэ Iэмыщ Iэ щхьэкIэ цIыхум илъэс бжыгъэшхуэ тралъхьэурэ щагъэтIыс зэмант.

ЦIыхубзым къыхуашар зылъэгъуа, абы кIэлъыплъа гуэрым бзэгу ихьащ тхьэмадэм деж. Пщэдджыжьым цIыхубзыр яшащ къуажэ унафэщIапIэм.

- Уэ, Марзидан, нартыху къэдыгъуа къыпхуашэу къэпщэхуа? - къоупщI.

- Тхьэуэ дыкъэзыгъэщIа къэсщэхуам. Мыр Менлыкъуэ Хъызыр къыпхузигъэшащ къызжиIат гум дэс щIалэми, сэри сыгуфIэри къэсщтат, - жэуап ирет цIыхубзым.

Ар зэхэзыха къуажэ тхьэмадэм и жьэр Iурыхуащ, итхауэ хъуар псынщIэу зэIитхъыжри, цIыхубзыр къиутIыпщыжащ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ цIыхубз губзыгъэр утыкум къикIыжат. А хъыбарыр нобэр къыздэсым къуажэм щыжаIэж.

# ФатIимэт и шэщIэху

Ди хьэблэм шэщIэху зиIэр ФатIимэтт. Жьы дыдэу къызэIуихырт и унэбжэр, фызхэри зыр зым иужь иту къызэхуэсырт. Си анэр сымаджэт а лъэхъэнэми, шэр зезыхьэр сэрат.

ПщIантIэм узэрыдыхьэу гъэжьэрымэ IэфIымэр къыпIурыIуэрт.

Зы пщэдджыжь къанэртэкъым а цIыху дахэм и Iэнэ хъурей цIыкIум е лэкъум, е дэлэн пщтыру темыту. Шыбжииплъыр зытекIа къалмыкъ шейри къэкъуалъэу и хьэку цIыкIум къытрихыжырти, фыз гупым я Iуэхур зэфIэкIыху игъатхъэрт. Сысабийми, сахэст сэри, шэ пэгунитI схьар зыхуей хуэзэху сежьэу...

Тхьэм псапэу къритыж а нанэ дахэ цIыкIум ерыскъы IэфIу дигъэшхар.

Абыхэм я дуней тетыкIам, шэщIэхум щаIуэта хъыбархэм я нэпкъыжьэ си гъащIэм къытринащ, сагъэсащ, сыт хуэдэ гугъуехьми шыIэныгъэ сиIэу сыпхрыкIыфу.

**БАГЪ Марьям**.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **2**. Пхъурылъхур къихьэмэ ... магъ. **6**. ИрагъэщIэращIэу, къамэ Iэпщэм хагъэтIысхьэ. **7**. ЩIы щхьэфэ тещтыкIа. **8**. Пхъэ уадэшхуэ. **9**. Нартыхур бгъэлъалъэмэ, ар къонэ. **11**. А унэцIэр зэрахьэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьымрэ КъБР-м и Правительствэм и Iэтащхьэу щытамрэ. **14**. ФIыцIабзэ. **15**. И ... къурыкъуу ежьэжащ. **16**. Мэжаджэ, хьэтыкъ, чыржын, ... **18**. Къущ, псы зыщIэмытыж. **20**. Къуаншагъэ зылэжьа цIыху. **22**. ЩIыпIэ сэтей, тафэ. **24**. Адыгэ генерал, Абхъазым и ЛIыхъужь.

***Къехыу:*** **1**. Хыумысэу езырезыру къэкIыж. **2**. ЕуэкIыпIэ. **3**. ГушыIэр ... и щIасэщ. **4**. Ватикан католик къэрал жьгъейр а къалэм хеубыдэ. **5**. Адыгэш лъэпкъ. **10**. Къэбэрдей усакIуэ, дохутыр ... Латмир. **12**. ... пыIэ. **13**. Адыгэ художник Iэзэу щыта ... Мухьэмэд. **15**. Iэщ зыгъашхэм зэрихьэ хабзэ Iэмэпсымэ. **17**. Унагъуэ къулейм я IуэхутхьэбзащIэ. **19**. Джэд ... и пщIыхьэгъущ. **21**. Шэми шхуми ... **23**. Пасэрей зэрыпыджэ Iэщэ.



*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ**.

***Бадзэуэгъуэм и 22-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **2**. Жьым. **5**. ЗыхуеIэм. **8**. ЛIыжьым. **9**. Гуащэм. **11**. ГъэшыфIэр. **12**. Пэт.
***Къехыу:*** **1**. Къыхех. **3**. Сызыхэс. **4**. ФIэмащIэщ. **6**. ФIыщ. **7**. Нэф. **10**. Мывэр.

# ХьэщIэ баш

● Фэ фщIэрэ?

Адыгэхэм я хьэщIэ гъэхьэщIэкIэм ехьэлIауэ пасэм щыгъуэ щыIа хабзэхэм щыщщ.

Ипэ зэманым ефэ-ешхэ кIыхьхэр зращIэкI хьэщIэхэр пщыжьуэркъыжьхэм къахуеблагъэу щытащ. Iэнэм пэрысхэм я жыIэ ягъэзащIэу жыхафэгум тетын хуейт пщылI щIалэ зыбжанэ. Ефэешхэр сыт хуэдизу кIыхьлIыхь мыхъуми, IуэхутхьэбзащIэхэр зэрахъуэкIи ягъэтIыси хабзэтэкъым. ЩIалэхэр ешмэ, зытрагъэщIэну е я бгъэм щIэгъэкъуауэ ирищытыну, баш зыщыплI хьэщIэщ бжэ къуагъым къуагъэтт. Апхуэдэхэм «хьэщIэщ башкIэ» еджэрт.

Хъыбархэм къазэрыхэщыжымкIэ, хьэщIэщ башкIэ ерыщу щытащ Анзорхэ. Щхьэгъэрытыным ехьэлIа хабзэри абыхэм ткIийуэ ягъэзащIэрт.

Хабзэри бжэ къуагъ башри пщылIыгъэр щытрахыжа лъэхъэнэм дэкIуэдыжащ, ауэ «хьэщIэщ башым» къытекIа псэлъафэ куэд ди бзэм къыхэнащ.

# Щхьэмрэ лъакъуэмрэ

● ГушыIэ

Сэ си ныбжьэгъу гуэр деж лъагъунлъагъу куэдрэ сыкIуэрт... СыкIуэхункIи и лъакъуитIыр пIэщхьагъым телъу, и щхьэм зыри щIэмыдзауэ гъуэлъыпIэм илъу срихьэлIэрти, ар гъэщIэгъуэн къысщыхъури, сеупщIащ:

- Мыр слIо, зиунагъуэрэ? Уи лъакъуэр щхьэнтэм телъщ, уи щхьэм зыри щIэмыдзауэ ущылъщ. Сыт мыпхуэдэу щIэпщIар?

Си ныбжьэгъум зэуэ жэуап къызитыжащ:

- Си щхьэм и зэранкIэ си лъакъуитIыр куэдрэ гугъу ехьащи, иджы зезгъэгъэпсэхужу аращ!

**БЕКЪУЛ Барэсбий**.

# Дуней псом и къалэ нэхъыжь дыдэ

**2015 гъэм къэралым щагъэлъэпIауэ щытащ Дагъыстэным и Дербент къалэм и ныбжьыр илъэс 2000 зэрыхъур. Апхуэдэ еплъыкIэр иджы дыдэ яхъуэжын хуей хъуащ - иужьрей къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, ар илъэс 5000-м нэсащ. БетэмалкIэ еджагъэшхуэхэр илъэс 3000-кIэ щыуэрт. ЩIэныгъэлIхэр Iуэхум щIэрыщIэу бгъэдыхьэн хуей щыхъуар Урысейм и Президент Путин Владимир иджыблагъэ Дагъыстэным щыкIуам, Дербент и ныбжьыр илъэс 5000 зэрыхъур яжриIа нэужьщ.**

КЪАЛЭМ и ныбжь дыдэр щыуагъэншэу къэзыхутари абы щыхьэт техъуэ хьэпшыпхэмкIэ апхуэдэ еплъыкIэр щIэзыгъэбыдэжари археолог, тхыдэдж цIэрыIуэ Кудрявцев Александрщ. ЩIэныгъэлIым къалэжьым и лъабжьэр къилъыхъуэн япэу щыщIидзар 1971 гъэрщ. Абы къыщыщIэдзауэ и лэжьыгъэр зы махуи зэпигъэуакъым, шэч къызытрихьэ Iуэхум и пэжыпIэр къищIэху.

Нарын къалэкIэ зэджэ быдапIэр къыщIагъэщыжа нэужь, къат куэдкIэ еIэбыхри, абы и лъабжьэжым къыщIагъуэтащ цIыхухэр щыпсэуа щIыпIэщIэ, ныбжьышхуэ зэриIэр нэрылъагъуу. ЩIэныгъэлIым зэуэ къыгурыIуат а тIум я зэхуакум илъэс мин бжыгъэхэр зэрыдэлъыр. Абы ипэкIэ Дербент и ныбжьыр зэрыхъуу къалъытар илъэс 1500-рэт.

КъыщIагъэща къалэжьым илъэс 2700-р траIуэри, языныкъуэ щIэныгъэлIхэм я щыуагъэкIэ, а бжыгъэм къыщызэтеувыIащ, арщхьэкIэ Кудрявцевыр абдежым къыщыувыIакъым, сыту жыпIэмэ зыри зыпэмыплъа хьэпшып телъыджэхэр а щIыпIэм къыщагъуэтауэ яIэт.

- ГъащIэ псо зытезгъэкIуэда лэжьыгъэр ипэкIэ сымыгъэкIуатэу хъунутэкъым. Илъэс 2700-м куэдыр къыщызэтеувыIа нэужь Москва сыкIуащ, СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием иригъэкIуэкI зэIущIэм и утыкум апхуэдизу сызыгъэпIейтей а Iуэхур ислъхьэн мурадкIэ.

ЗэIущIэм къыщызэхуэсат скиф-сармат археологиемкIэ щIэныгъэлI цIэрыIуэу 32-рэ. Абыхэм я деж сэ щыпхызгъэкIащ зы къалэм и лъабжьэм ди эрэм ипэ ита VIII лIэщIыгъуэм хуэзэу нэгъуэщI цивилизацэ зэрыщыпсэуар. А зэрыжысIа дыдэм тету, 1987 гъэм псори сэтей къэхъуащ, си Iуэху еплъыкIэм шэч къыщIытрахьэжын щымыIэу.

Къэдгъуэта хьэпшыпхэм къыбжаIэрт домбеякъ лIэщIыгъуэм хиубыдэу а щIыпIэм щыпсэуа лъэпкъыр щIым телэжьыхьу зэрыщытар. Ар къызыдекIуэкIар нэхъыбэу КъуэкIыпIэ Гъунэгъум, КъуэкIыпIэ Курытым, Закавказьем щыпсэуахэрщ. Ауэ ЮНЕСКО-м къикIа щIэныгъэлIхэм телъыджэ ящыхъуауэ абыхэм яхэтт кхъуэщыным къыхэщIыкIа цIыхубз сурэтитI, иужькIэ «Дербент и мадоннэ» фIэщыгъэр зратар. Ар яфIэзыщар Урысей телевиденэм корреспонденту а зэманым щылэжьа икIи си къэхутэныгъэхэм ятеухуа нэтын зыгъэхьэзыра Бейбутов Декабрт. Абыхэм языхэзыр къыщыдгъуэтащ ди эрэм ипэ ита лIэщIыгъуэм къэунэхуауэ къалъыта къат зытежыхьахэм, етIуанэр - ижь-ижьыж зэманым Дербент къалэм дэта гъавэ хъумапIэм и лъащIэм. ЦIыхубз теплъэ зиIэ кхъуэщын гъэжахэр гъавэ бэв кърахьэлIэнымкIэ щхьэщэ зыхуащIу щыта тхьэнапэт, Кавказым куэдрэ узыщримыхьэлIэ къэхутэныгъэшхуэу. А псом иужькIэ щIэныгъэлIхэр арэзы техъуащ Дербент илъэс 5000 зэрырикъум икIи ар Урысейм и пашэхэм къэрал унафэкIэ иджыблагъэ щIагъэбыдэжащ, - жиIащ къалэм и тхыдэ жыжьэр къэтIэщIыжыным зи гуащIэшхуэ хэзылъхьа, а псори зи фIыщIэ Кудрявцев Александр.

Нэхъ телъыджэжыр мы дунейм щынэхъыжь дыдэу нобэм къэс къалъыта, Израилым и Иерихон къалэм нэхърэ Дербент нэхъыжьыжу къызэрыщIэкIарщ.

ЩIэныгъэлIым къызэрыхигъэщамкIэ, Иерихон къалэм ирата ныбжьыр жыжьэуи иIэкъым, пэжыр жыпIэмэ, илъэс 3000 хъуауэ аращ, арщхьэкIэ езы журтхэм илъэс мини 10 хъуауэ кърахьэкI, турист нэхъыбэ я щIыпIэм ирашэлIэн щхьэкIэ. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэми лъэпкъ щхьэхуэхэмкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. Абы щIапIыкI я щIэблэр, дауэ мыхъуми, иригушхуэнущ я къалэр дуней псом щынэхъыжьу зэрыщытым, тхыдэ къулей зэриIэм.

Зыри пэмыплъауэ, Кавказым и Дербент къалэм Иерихон иригъэкIуэтэкIри, дуней псом ныбжькIэ къыщилэжьа бжьыпэр иджыблагъэ щиубыдыжащ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**





# ЩIэблэр IэпэIэсагъэм хуегъасэ

**● IэщIагъэ**

**Дэрбзэр, егъэджакIуэ Багъ Iэзидэ КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжыр къиухауэ Дзэлыкъуэкъуажэ и курыт еджапIэ №1-м щылажьэ гупжьейм дэрбзэр Iуэхум щыхуегъасэ.**

IЭЗИДЭ иджыри цIыкIуу дэрбзэр IэщIагъэм дихьэхащ. И анэр Дзэлыкъуэкъуажэ дэт мэкъумэш колледжым щылажьэрти, абы кIуэурэ IэпэIэсэ хъуащ. Сабийм зегъэужьынымкIэ «ДыгъафIэ къалэ» академие Налшык дэтым модэмкIэ иIэ театрым ишэурэ, дэрбзэр лэжьыгъэм нэхъри дригъэхьэхащ.

КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжыр къиуха нэужь, Дзэлыкъуэкъуажэ и колледжым щылэжьащ. Лъэпкъ, европей фащэхэр цIыхубзхэм щхьэкIэ щад «Baziz» и уней IуэхущIапIэ Налшык къыщызэIуихащ 2008 гъэм. Абы къыдэкIуэу, Уэзрокъуэ Чэрим и «Асанэ» тыкуэным папщIэ иду щытащ щIэупщIэ зиIэ адыгэ фащэхэр. Iэзидэ и лэжьыгъэм жэуаплыныгъэ хэлъу зэрыбгъэдэтым, фэилъхьэгъуэхэр IэкIэ зэрыхидыкIым, дауи, фащэхэм я щIэупщIэм хегъахъуэ.

- Сабий лъэпкъ фащэхэри сфIэгъэщIэгъуэну здырт, псом хуэмыдэу артистхэр, Москва щыпсэу адыгэхэр абыхэм щIэупщIэрт, я щIэблэм папщIэ, - жеIэ Iэзидэ. - Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми сыщагъадэ щыIэщ. Бостей нэхъ гугъухэр, пэщэщэнейхэр дыным нэхъри сыдахьэх.

Дзэлыкъуэкъуажэ и курыт еджапIэ №1-м Iэзидэ щиIэ гупжьейр зыхуеину IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщащ. Абы екIуалIэ цIыкIухэм я школ фэилъхьэгъуэхэр, кIэпхынхэр, нэгъуэщIхэри езыхэм ядыж. Дзэлыкъуэкъуажэ и мызакъуэу, абы йокIуалIэ Марьинскэ станицэм, Къамылыкъуэ, Къармэхьэблэ къуажэхэм щыщхэр. Шэджагъуэм щыщIэдзауэ сыхьэтитху хъуху сабийхэм ядолажьэ. КъищынэмыщIауэ, цIыкIухэм унэми щадолажьэ.

- Дэн-бзэным дахьэх сабийхэм садэлэжьэныр зыхэслъхьэ щыIэкъым. IэпэIэсэ цIыкIухэм я зэфIэкIым зыщезгъэужькIэ дамэ къыстокIэ, - жеIэ Iэзидэ. - Зэгуэр си анэм и лъагъуэм сызэрырикIуэжам хуэдэу, ар IэщIагъэ зыхуэхъунухэр си гъэсэнхэми къахэкIмэ, си гуапэщ.

КъыжыIапхъэщ, «Илъэсым и унагъуэ-2022» урысейпсо зэпеуэм щытекIуахэу нэхъапэIуэкIэ зи гугъу фхуэтщIа Багъхэ Iэсиятрэ Русланрэ я унагъуэ дахэм Iэзидэ зэраныс
эр. ЗэгурыIуэ, пщIэ-нэмыс зэрылъ унагъуэ щапхъэм яхуэфащэщ зи лэжьыгъэми гурэ псэкIэ етауэ бгъэдэт, абы ехъулIэныгъэхэр щызиIэ, мы тхыгъэр зытеухуа Iэзидэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

## Илъэситхукlэ ягъэтIысынкIэ мэхъу

УРЫСЕЙ ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм, Урысей МВД-м и управленэ нэхъыщхьэу КИФЩI-м щыIэм и «Э» центрым щIыгъуу къызэпаудащ ди республикэм щыпсэу, илъэс 32-рэ хъу цIыхухъум зэрихьэ щIэпхъаджагъэр, Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэр гъэпудыным ехьэлIар.

Зи гугъу тщIы цIыхур нэхъапэми административнэ жэуапым ирашэлIат УФ-м и КоАП-м и 20.3.3 статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ, арщхьэкIэ 2023 гъэм и накъыгъэм аргуэру социальнэ сетхэм язым хэIущIыIу щищIащ УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм и пщIэр зыгъэлъахъшэу жиIахэр.

Яубыдам теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 280-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэм ипкъ иткIэ. Ар илъэси 5-кIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

***УФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэ.***

**● Футбол**

## Фыдогъэблагъэ!

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.***

*«Б» дивизионым и ЕтIуанэ гуп.*

*Ещанэ* джэгугъуэ

**«Спартак-Налшык» - «Мэшыкъуэ-КМВ»** *(Псыхуабэ)*

*Налшык. «Спартак» стадион.*

*Бадзэуэгъуэм и 29.*

*Сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 30-м.*



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.576
Заказыр №1624

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А